

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Jamintoran 2

R. Ng. Yasadipura I



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

rektorat
dayaan

899.222

7A5

61

MENAK JAMINTORAN

2

PPS/Jw/14a/81

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan




MENAK JAMINTORAN

2

Oleh
R. NG. YASADIPURA I

Alih Aksara dan Alih Bahasa
Oleh
WIRASMI ABIMANYU



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONÈSIÀ DAN DAERAH
Jakarta, 1982

Diterbitkan seizin PN Balai Pustaka

BP No. 1176a

Hak Pengarang dilindungi undang-undang

PERPUSTAKAAN	
DIT. SEJARAH & NILAI TRADISI	
Nomor Induk	: 1751/1984
Tanggal terima	: 26-12-1984
Beli/hadiah dari	: proyek PASIR
Nomor buku	:
Kopi ke	: 2

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahannya pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seiring dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari PN Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISINIPUN

15. Sambetipun Pangeran Kelan Kaberta Dhateng Jamin- toran	11
16. Pangeran Kelan Perang Kaliyan Sadarsal Sadarsil	13
17. Pangeran Kelan Dipun Pacangaken Kaliyan Dewi Sula- sikin	27
18. Prabu Kaharngalam Ambalela	36
19. Prabu Kaharngalam Kapikut Dhateng Pangeran Kelan .	47
20. Prajurit Jamintoran Perang Kaliyan Prajurit Rulmuluk	55
21. Nagari Rulmuluk Bedhah	59
22. Prabu Kaharngalam Sasedherek Angsal Pangapura	67
23. Umarmaya Madosi Pangeran Kelan	74
24. Umarmaya Anjajah Kitha Jaminambar	81
25. Umarmaya Suwita prabu Rabussamawati	96
26. Umarmaya Dados Pangagenging Malaekat	105
27. Rabussamawati Dipun Cukup Umarmaya	114

KATA PENDAHULUAN

Seri cerita menak terdiri tidak kurang dari 46 jilid, mulai Menak Sarehas, Menak Lare, Menak Serandil, Menak Sulub, Menak Ngajrak, Menak Demis, Menak Kaos, Menak Kuristam, Menak Biraji, Menak Kanin, Menak Gandrung, Menak Kanjun, Menak Kandhabumi, Menak Kuwari, Menak Cina, Menak Malebari, Menak Purwakandha, Menak Kustup, Menak Kodrat, Menak Sorangan, Menak Jamintoran, Menak Jaminambar, Menak Talsamat hingga Menak Lakat.

Sumber cerita berasal dari Arab, mengutarakan tentang berbagai kisah penyebaran agama Islam yang terjadi sekitar negeri Arab, pada masa-masa permulaannya.

Seri serat menak sebelumnya diterbitkan oleh Balai Pustaka dalam bahasa Jawa berbentuk tembang dengan tulisan huruf Jawa. Digubah oleh almarhum R. Ng. Yasadipura I.

Atas kerja sama yang baik dengan PN Balai Pustaka kini dapat disajikan cerita-cerita menak dalam bahasa Indonesia dengan tulisan huruf Latin.

Jakarta, Juli 1982

Penyunting

15. SAMBETIPUN PANGERAN KELAN KABEKTA DHATENG JAMINTORAN.

Asmaradana:

1. Emutira Raden Mantri,
wungu aneng jroning tilam,
kagyat Ki Putra manahe,
dene neng sajroning palwa,
asru denya ngandika,
heh Ki Patih sira iku,
gawe reh nora sayogya.
2. Ingsun pracaya tan sipi,
mring sira teka anyidra,
ingsun ana palwa kene,
dadi tan suka tyasingwang,
apa ngandelken sira,
ing kandlele peraumu,
iya ingkang patang hasta.
3. Lawan linapis ing wesi,
upama ingsun dhupaka,
ing sapisan bae bojod,
sun pindhwa pesthi sirna,
sira pating karambang,
Ki Patih dupi angrungu,
nangis anungkemi pada.
4. Miwah ta Sang Raja Putri,
nangis sapawonganira,
denya miyarsa dukane,
susumbare Pangran Kelan,
Putra Rab wiratama,
numbras prakosa dibyanung,
yekti lamun kalampahan.
5. Andhupak kang gunung wesi,

lamun taliti Kupauman,
sayekti remak gununge,
dadi bubuk kalampahan,
mila sadaya maras,
sami nangis gumarumung,
minta welase Ki Putra.

6. Acipta sajroning galih,
Pangeran Putra ing Kelan,
mulat tangise wong akeh,
yen iki sun tutugena,
iya bramatyaningwang,
pasthi gedhe dosaningsun,
wong sawiji ingkang dosa.
7. Yen uga gawea pati,
wong akeh isining palwa,
kang ora dosamaring ngong,
liwat nora kabeneran,
iya saliraningwang,
sun narima ing Hyang Agung,
kang anitah guladrawa.

16. PANGERAN KELAN PERANG KALIYAN SADARSAL SADARSIL

Dhandhanggula:

1. Yata rerem ing tyas Sang Apekik,
dening tangis ing sajroning palwa,
miminta kamiwelase,
tuwin apuranipun,
aturipun Rekyana Patih,
ngasih-asih mangrepa,
dhuh Gustining ulun,
kang mangka tejaning jagat,
datan nedya amrih piawoning dasih,
panedyane sadaya.
2. Saking kayungyun dadosa Gusti,
mulyakena nagri Jamintoran,
sampun salah cipta angger,
pituduh ing Hyang Agung,
dene mangke paduka Gusti,
nugraha ing Hyang Suksma,
mring Rama Sang Prabu
Sri Bathara Sadarsalam,
mila amba kamipurun ing Sang Pekik,
bekta mring Jamintoran.
3. Angandika alon Raden Mantri,
iya uwis aja winicara,
ingsun nora salah daleh,
luwih karsa Hyang Luhur,
tan kuwasa badaning dasih,
kumambang ing wisesa,
nut ing titahipun,
Patih Jahansirun nulya,
matur ing Sang Retna sasaosan mijil,
aglar ngarsa Ki Putra.

4. Kyana Patih sigra nembah amit,
arsa nunggil wadyanira wuntat,
lan Sadarkola sandhinge,
sami rumekseng kewuh,
tedhak saking palwa Sang Putri,
nitih sasampan minggah,
ing baitanipun,
nenggih Rekyana Apatya,
aja kongsi ngregoni Sang Raja Putri,
pondhea ing pocapan.
5. Yata karsane Kang Maha Luwih,
kadi rumeksa durakanira,
iya sakaro-karone,
ywa kongsi bisa jibus,
lir sinendhal palwanireki,
saking ing antariksa,
kumilat sumiyut,
kari kang palwa sadaya,
antarane lalayaran pitung bengi,
lan palwane Sang Retna.
6. Baitanira wau Sang Putri,
kadya kilat sumiyut kumilat,
kang pitung dina adate,
sadina asalipun,
kang rong dina patbelas ari,
patang dina sawulan,
ing pakantukipun,
ing lautan wis tan kocap,
palwanira Sang Retna Kusuma prapti,
muara Jamintoran.
7. Labuh jangkar ingkang juru mudhi,
atengara kagyat sagung palwa,
dene wau ta praptane,
nanging baitanipun,

Kyana Patih datan kaeksi,
lan Raden sadarkola,
dereng wonten rawuh,
mung palwa siji katingal,
titihane selup nenggih Raja Putri,
prapta tanpa sarengan.

8. Dereng prapta palwane Ki Patih,
Patih Jahansirun Sidisalam,
tuwin pra dipati kabeh,
dereng wonten kadulu,
baitane taksih atebih,
mung titihane Sang Dyah,
pribadi kang rawuh,
arsa mentas saking palwa,
Raja Putra pinarnah ing tamansari,
ngantosi Kyana Patya.
9. Oreg miyarsa sapraja sami,
rawuhipun Gustine Sang Retna,
mung wadya kaputren bae,
Ki Patih Jahansirun,
Sidisalam sadaya kari,
miwah kang pra dipatya,
inggihi sami kantun,
gugup kang sami amapag,
Raja Putri jujuk aneng tamansari,
mrenahken tamunira.
10. Wong jro pura ana kang menangi,
kang arikat ing pamethukira,
jujug maring taman nggone,
anon satriya bagus,
cahyanira anuksmeng sasi,
Sang Retna sigra mangkat,
saking tamansantun,
lajeng tumameng jro pura,

ingkang rama methuk ing kagok ping kalih,
kang putra ngrangkul pada.

11. Pinengkul-pengkul marang Sang Aji,
ingaras-aras embunanira
sarwi tinanggap tuture,
kang putra aturipun,
Rama amba amung ping kalih,
siram taman Iskandar,
nulya na pitulung,
mulyane sakit manira,
inggih lajeng awewedhak siti putih,
siti ing Jaminigrab.
12. Ingang ibu angekep ngapithing,
putra maksih umatur ing rama,
kabeh sasolah-solahe,
mila amba kasusu,
pan nagari ing Rokam mangkin,
bedhah pinukul mengsah,
ing Sorangan gempur,
lawan nagri Kalakodrat,
sami bedhah Wong Agung Surayengbumi,
ingkang amukul ing prang.
13. Balanipun pan kadi jaladri,
kaebekan pan nagari Rokam,
Wong Agung Ngarab wartine,
asugih bala ratu,
ing ngayuda sekti tur wani,
gung alit anem tuwa,
sami purun-purun,
dene menggah kang agama,
kang pinundhi inggih agama Ibrahim,
sami lan Jamintoran.
14. Rajeng Rokam sampun nunggil sami,

miwah Sang Raja ing Kalakodrat,
sampun anut agamane,
kang rama mirsa ngungun,
mundhut ejrah ing kitab cilik,
amiyak babing kitrah,
pan meh salinipun,
kang ebab ujum winiyak,
yen Wong Agung bang wetan prajuritneki,
ngambah tanah ing muka.

15. Tanah ageng wetan turutneki,
muka bumi bumi Jaminambar,
wus padha kalah yudane,
iku pratandhanipun,
yen wong wetan sami nglurugi,
wong kene pama kalah,
iku cepakipun,
akire ing jaman kitrah,
meh awale jamane panutup Nabi,
mekasi nayakengrat.
16. Graiteng tyas wau Sri Bupati,
Jamintoran Prabu Sadarsalam,
kacathet sireng galihe,
sadaya wartanipun,
ingkang putra **Sang Raja Putri**
Sang Retna wus binekta,
marang ibunipun,
mring kaputren dalemira,
ingkang ibu tan pisah oneng tan sipi,
wuwusen Sri Narendra.
17. Wonten ingkang ngaturi udani,
lamun kang putra antuk satriya,
ingantun neng taman nggene,
nanging watawisipun,
inggih dede satriya janmi,

kadi sirna kinedhap,
manawi pukulun,
satriya jin parayangan,
pekikipun nyuremi langen sabumi,
bekta kuda peperang.

18. Amepeki kapraboning jurit,
bilih punika ingkang binekta,
kang tengga taman dhanyange,
Jaminigrab pukulun,
tumulut dhateng Gusti Sang Putri,
tengga taman Iskandar,
katawis pukulun,
semune dede manungsa,
Sri Narendra kagyat duk miyarsa warti,
nimbali kang punggawa.
19. Punggawa ndel ing nglebet kakalih,
prapteng byantara nata ngandika,
lumakua dipun age,
marang ing tamansantun,
talikanen satriya prapti,
Nini Putri kang nggawa,
pariksanen iku,
jin datanapi manungsa,
yen manungsa undangan sun arsa panggih,
nembah kalih prawira.
20. Mesat mijil saking jroning puri,
bekta bala pitung ewu sowang,
asri lan upacarane,
bupati kalhipun,
kang kinathik ing Sri Bupati,
Bathara Sadarsalam,
wus pracayeng kewuh,
tate nguwisi prakara,
agal alit tan kewran wus nama luwih,

prawira ing ngayuda.

21. Kakasihe Sadarsal Sadarsil,
kakang adhi iyeku prawira,
sami tan ana bedane,
mangkana lampahipun,
sapraptane ing tamansari,
balane kari samya,
ing sajaban pintu,
manjing wong loro kewala,
duk umiyat anjenger punggawa kalih,
lah ta iki wong apa.
22. Dene liwat baguse wong iki,
kaya muluk lamun dinamua,
durung tumon wong mangkene,
iku ratuning bagus,
lan ratuning manis respati,
lir wimbaning basanta,
tejane sumunu,
manawi dudu manungsa,
marepeki wau punggawa kakalih,
Sadarsil lan Sadarsal.
23. Sarwi nembah umatur alirih,
dhuh pukulun amba nuhun duka,
kang abdi nuwun pitaken,
punapa jinisipun,
manawi ta satriyaning jin,
miwah lamun manungsa,
ing pundi pukulun,
tuwin Wong Agung punapa,
anauri ingsun manungsa sayekti,
saking nagari Ngarab.
24. Iya Wong Agung Surayengbumi,
iku kang puputra maringwang,
Putri Kelam patutane,

- Putri Kelan patutane,
Putri Kelan Jeng Ibu,
ingsun ngadeg satriya adi,
mengku nagari Kelan,
angreh para ratu,
satriya babala raja,
mulanipun kongsi wruh nagari ngriki,
awit saking kasasar.
25. Ngiring-iring Jeng Rama don jurit,
bedhah nagari ing Kalakodrat,
miwah Sorangan bedhahe,
Sri Mandalika Uktur,
Mraja Gaji pan wus ngemasi,
banjur gitik ing Rokam,
Gulangge wus nungkul,
Jeng Rama neng nagari Rokam,
apepara sun pisah lan wadya mami,
neng wana Jaminingrab.
26. Sangsam ijo kang ingsun baledig,
kasasar marang taman Iskandar,
nuju Sang Retna neng kono,
iya ing taman iku,
sabalane sun diaturi,
neng taman Jaminingrab,
alase puniku,
tamane taman Iskandar,
ingsun turu ginawa marene iki,
tan wruh kalinganea.
27. Matur alon Sadarsal Sadarsil,
yen makaten paduka manungsa,
punapa kaprah warnane,
putra Arab puniku,
ing warnane sami lan ejin,
ratuning parayangan,

sami emperipun,
kawula angger dinuta,
dening rama paduka Sri Narapati,
Sang Prabu Jamintoran.

28. Inggih ingkang arsa apapanggih,
lawan paduka dinten punika,
duk miyarsa ing tembunge,
anyengkal ing tyasipun,
sira Raden Umi Kelani,
utusane Sang Retna,
teka nora milu,
wong ika angamandaka,
dadya wau Ki Putra nauri aris,
tan ana sedyaningwang.
29. Atetemu lan Ratunireki,
lamun arsa tetemu lan ingwang,
ratumu konen marene,
pan ingsun nora weruh,
nora kareh nora kaabdi,
ing Ratu Jamintoran,
apa karyaningsun,
apan ingsun durung niyat,
katemu kang punggawa kalih sami,
madeg sakrodheng nala.
30. Datan aketung ala lan becik,
mung kaetang bramatyaning driya,
ratune den asorake,
sajegira tumuwuh,
Sang Sadarsal lawan Sadarsil,
durung angrungu ujar,
sesa tumbuh laku
nedya pinondhong kewala,
Raja Putra punggawa kalih tajeni,
sami mahangkas-hangkas,

31. Sami arsa nyandhak kanan kering,
dupi anglawe wus kadhingan,
Sang Raja Putra adege,
cinandhak kalihipun,
wus ingikal ing astaneki,
kang satunggal binucal,
sumebut sumebrung,
tiba sajabaning bata,
nggene bala geger denira ningali,
punggawane kacurnan.
32. Raja Putra wus nitih turangi,
medal sarwi angikal Sadarsal,
neng jawi pintu ngarsane,
wadya gung mulat mawur,
punggawane sami kabanting,
sinawataken bala,
busekan maledug,
tedhak saking kuda petak,
Raja Putra wusnya petak nitih malih,
keh bala kabalasar.
33. Ninggal Gusti sami manjing puri,
pan wus prapta katur ratunira,
yen satriya pangamuke,
punggawa kalih sampun,
katandangan balane gusis,
Sang Nata langkung duka,
manggil prapta gupuh,
kang para ratu sadar
ratu andel sami abala nyakethi,
kalawan pitung leksha.
34. Sami andel kaprawiran jurit,
budhal sabala muni tengara,
gumuruh bala swarane,
sami rebut rumuhun,

praptanira ing taman baris,
angepung pager bata,
nglimputi akemput,
nyuraki aken mijila,
bupatine ratu sadasa mrepeki,
ngadhang jawining lawang.

35. Raja Putra wus nitih turanggi,
nyamethi kuda nyander wus medal,
lir kilat wau wedale,
Jonggiraji sumemprung,
wus anengah mrawaseng baris,
sarwi sru apepetak,
ing langit gumbludhug,
kaget kang ratu sadasa,
inggihi sami kapileng japeng muririh,
tan ana darbe karkat.
36. Kang sadasa sami den bandani,
prajurite maledug sadaya,
giris agiris gegere,
swarane kang lumayu,
katur marang Sri Narapati,
tiwas kabeh kang wadya,
rebah kabarubuh,
tan ana ingkang kiwula,
langkung duka Sang Nata nimbali malih,
salawe para raja.
37. Kayogya para praptanireki,
Kyana Patih gupuh praptanira,
lan Raden Sadarkolane,
maras kalangkung gugup,
Raja Putra atemah jurit,
para ratu kang mangsah,
barise kapethuk,
binekta wangsul sadaya,

Raden Sadarkola lawan Ki Apatih,
prapteng ngarsa Sang Nata.

38. Samya matur ngrungkepi pada Ji,
mila Gusti temah sapunika,
yen dadosa aprang rame,
Putra Arab pukulun,
babayani bandakalani,
tetela yen ayuda,
kang sayuta gempur,
kang siji boten punapa,
trahing Ngarab tan kena linawan jurit.
ditya wukir Jabalkap.
39. Tan kantenan wendran yudaneki,
sakethi yuta tan kena ngetang,
wong siji nang numpesake,
ditya raseksa diyu,
wil danawa tapis ing jurit,
Raja Gaji Sorangan,
Mandalika Uktur,
kabanda madyaning rana,
pan binanting kunarpa jur awor siti,
samenir datan kalap.
40. Lah punika pratingkahing jurit,
samenggaha amengsah manungsa,
yen wonten angawonake,
ngandika Sang Aprabu
nora weruh mangkene iki,
mung ingsun akon ngundang,
dadine prangipun,
pan nora wit saking ingwang,
mung wartane angamuk neng tamansari,
yeku satriya Ngarab.
41. Matur nembah Rekyana Apatih,
kadi salang surup kang dinuta,

lan karsa tuwan gareteh,
kadi yen boten purun,
lamun kula boten kaeksi,
manahe salah tampa,
ing saleresipun,
milane kenging kabekta,
duk kasasar kawula ingkang maripih,
mesem wau Sang Nata.

42. Yen mangkono Rekyana Apatih,
sira dhewe iya lumakua,
Ki Putra prihen kenane,
nuli temu lan ingsun,
Kyana Patih nembah wus mijil,
wangsul marang ing taman,
lan sabalanipun,
bala ingkang kaprawasa,
keh kapethuk pra samya dipun gosongi,
ngungun Rekyana Patya.
43. Tan kawarna ing marga wus prapti,
Patih Jahansirun Sidisalam,
wus katon upacarane,
neng jawi tamansantun,
Raja Putra wau ningali,
lamun Ki Patih prapta,
asrep manahipun,
medal sarwi nitih kuda,
taksih denya angrasuk kaprabon jurit,
praptaning jawi taman.
44. Tedhak saking turangganireki,
Kyana Patih wan duk tumingal,
piniyak upacarane,
saking turangga-mudhun,
malajengi Rahaden Mantri,
cundhuk angrangkul pada,

- Ki Patih sru muwun,
angger apunten paduka,
ing lepate rama paduka ing ngriki,
ganas boten saranta.
45. Kula dereng prapta datan nganti,
nunten karsa panggih lan paduka,
dhompo inggih utusane,
sampun kawula tutuh,
rama tuwan narimeng batin,
lepate tan seranta,
milane pukulun,
amba taksih sanget sayah,
saweg prapta kawula ingkang tinuding,
ngaturi Jeng Paduka.
46. Mbok paduka maksih sanget runtik,
sampun kapanjang duka paduka,
Raja Putra andikane,
aja susah sireku,
lamun sira anggawa mami,
parakna ing ranangga,
nurut bae ingsun,
karana witing kang nggawa,
awak iki sira ing pangandel mami,
pan dudu singa wonga.
47. Wusnya tata eca sami linggih,
adhadharan lawan Ki Apatya,
Kyana Patih utusane,
tur priksa ing Sang Prabu,
yen wus gampang Sang Raja Pekik,
nurut marang Ki Patya,
wua seratipun,
Ki Patih anuwun papag,
sarta kurmat kamulyan ing sawatawis,
dene satriya brangta.

17. PANGERAN KELAN DIPUN PACANGAKEN KALIYAN DEWI SULASIKIN

Asmaradana:

1. Kang katur ing Sri Bupati,
aturipun Ki Apalya,
punika satriya gedhe,
kang rama moncol ing jagat,
babantheng soring wiyat,
tur trah satriya linuhung,
bangsane bangsa Ambiya.
2. Sang Nata sampun nuruti,
lajeng parentah methuka,
kang pra dipati salawe,
bekta pamethuk busana,
miwah ingkang turangga,
agemira Sang Aprabu,
sapraptanira ing taman.
3. Punggawa sami ngabekti,
pra dipati Jamintoran,
sadaya ngaras padane,
marang Jeng Pangeran Kelan,
ngaturaken pamapag,
saking kang rama Sang Prabu,
turangga sarta busana.
4. Andheku Rahaden Mantri,
anuhun ing aturira,
sarwi alon andikane,
Paman Patih mung turangga,
kang sih Sri Jamintoran,
ingkang sun titihi iku,
kudengong tuntunen ngarsa.
5. Dene busana puniki,


ampilen neng wuriningwang,
karana busananing ngong,
iku kabeh pan pusaka,
saking ibu Ngajerak,
ngandika sarwi acucul,
paman sikaten kewala.

6. Wus lawas sun pulang siti,
sapisahé balaningwang,
durung mambu sikat kuwe,
nulya wau Raja Putra,
mendhet saking ing esak,
sikat kawat waja surung,
tinampan marang Ki Patya,
7. Makutha sinikat dhingin,
kadi waja ginarenda,
gumebyar mijil apine,
cingak sagung pra dipatya,
Jamintoran sadaya,
sajeg dereng sami dulu,
makutha ing ngalam donya.
8. Bajo sutra mirah wilis,
sinikat mijil dahana,
kumepyur pating pancorot,
Kyana Patih matur nembah,
angger aneh sadaya,
busana dalam piniku,
sinikat mijil dahana.
9. Cahyanipun kadi geni,
sagung busana sadaya,
Ki Putra ngandika alon,
pan kabeh busananingwang,
saking ibu Ngajerak,
ibu Ismaya puniku,
lan eyang paring wasiyat.

10. Makutha di kang buka Sri,
Jeng Eyang Prabu Ngajerak,
kang musakani maring ngong,
kabeh kapraboning aprang,
wusnya malih inganggya,
tedhak saking tamansantun,
dadi tontonan samarga.
11. Tuwa anom gedhe cilik,
kontrag wadya Jamintoran,
gebel ing marga punang wong,
jajar kalawan apatya,
wau Pangeran Kelan,
dongong kang sami andulu,
ing suwarnane Ki Putra.
12. Kang sami abisik-bisik,
begja teman Gustiningwang,
dene waluya gerahe,
siram ing taman Iskandar,
ing wana Jaminingrab,
oleh dhanyang praptanipun,
ratuning jin parayangan.
13. Nyirnakken langening bumi,
iku kumaraning jagat,
endi ana wong mengkono,
wus pesthi padha lan wulan,
purnamaneng ing dharat,
yen wong ngalam dunya durung,
ana mangkana kang cahya.
14. Baya panukmane iki,
Sang Ratu Mesir ing kuna,
duk Nabi Yusup alame,
amek saparoning jagat,
babagus ngalam dunya,

amung saparo kang den dum,
marang wong sangalam dunya.

15. Saparo pinet pribadi,
mung Nabi Sri Naranata,
Yusup Mesir kadhatone,
kang duweni kabagusan,
saparo ngalam dunya,
iki mengko ana thukul,
kang sami Sang Nabi Raja.
16. Sayekti jebul puniki,
tan wus kang sami ingucap,
sagung wadya kang anonton,
wau Prabu Jamintoran,
methuk pangirasira,
neng panangkilan Sang Prabu,
aglar sagung para nata.
17. Satriya punggawa mantri,
supenuh ing panangkilan,
datan antara praptane,
Ki Patih lan Raja Putra,
tedhak saking turangga,
kakanthen ing lajengipun,
marak ing ngarsa Sang Nata.
18. Wus celak kagyat Sang Aji,
tejane kang wau prapta,
kadya wulan sasamine,
tedhak saking ing dhadhampar,
Bathara Sadarsalam,
Raja Putra sigra tundhuk,
angraup pada Narendra.
19. Rinangkul marang Sang Aji,
binekta tunggil alenggah,
ing Raja Putra amopo,



kedah ing kursi kewala,
Sang Nata angrerepa,
adhuw nyawa putraningsun,
akeh lupute pun bapa.

20. Apuranira ta kaki,
aja sira duwe taha,
kene prajanira dhewe,
sun nyawa pasrah ing sira,
darma bae pun bapa,
unger-unger madeg ratu,
batiné kagunganira.
21. Aja sira cipta kaki,
pisahe wong tuwanira,
ingsun kang dadi liliron,
iya kutha geng Kuparman,
iya ing Jamintoran,
mung sirike asor luhur,
luhur Wong Agung Kuparman.
22. Dadi ngawu-awu mami,
supya katuladana,
ing kamulyan kamuktene,
sira kang dadi jalaran,
dhawuh sih ing Hyang Suksma,
dumadakan sira rawuh,
ing nagara Jamintoran.
23. Pangeran Kelan wotsari,
anuhun kalingga murda,
dhawuh sih andika Katong,
yekti kadang kaliliran,
batin raraka tuwan,
pratandha agamanipun,
salamine sampun tunggal.
24. Ngriki agama Ibrahim,

raka paduka jeng rama,
kang rinadin salamine,
nigggih agama punika,
kang bangga tinumpesan,
pinten-pinten para ratu,
lan pinten-pinten jajahan.

25. Kang pinukul ing ngajurit,
tan petungan para raja,
kang wonten sore dhampare,
raka paduka Jeng Rama,
Sang Nata duk miyarsa,
kacaryan sedheping wuwus,
resep asih mring Ki Putra.
26. Kondur ngadhaton Sang Aji,
anganti Pangeran Kelan,
lan patih manjing kadhaton,
pinarnah munggeng paheman,
panepene Sang Nata,
Sri Bupati siyang dalu,
aneng panepen kewala.
27. Tan pisah lawan Sang Pekik,
langkung sihira Sang Nata,
kasok ing nala lulute,
lir manggih retna sajagat,
wus kadya nggening yoga,
kang putra agung tinantun,
ingadegaken Narendra.
28. Yen kala mijil tinangkil,
tan pisah Sang Raja Putra,
kinanthi munggeng tengene,
ing wijohan paloretna,
sirep wong Jamintoran,
sadaya sami kayungyun,
lam-lamen mulat Ki Putra.

29. Akarsa binayang kari,
kang putra sanget lenggana,
benjing yen sampun patemon,
Wong Agung Surayengjagat,
yen prapta Jamintoran,
sakarsa ing siyang dalu,
Ki Putra pinanggihena.
30. Lan Dyah Julusulasikin,
putri adi Jamintoran,
dadya papacangan bae,
nanging Sang Retna wus lega,
dene kang patembayan,
sinawung ing Rama Prabu,
rembag sagung para nata.
31. Kuneng duk mijil tinangkil,
Sri Bupati Jamintoran,
aglar ratu punggawane,
satryia mantri punggawa,
supenuh ing ngayunan,
tuwin Sang Kadarpaningrum,
Pangran Kelaswara Putra.
32. Neng wijohan palowani,
lan kang paman Sadarkola,
munggeng kasatriyan nggene,
neng ing kursi mas kewala,
mung Ki Putra ing Kelan,
neng wijohan palowanu,
satriya di senapatya.
33. Tur manggala ing ngajurit,
Suraya Jayeng Ngalaga,
ing praja mangka tejane,
Pangeran Jaswadi Putra,
Wong Agung ing Suwangsa,
pinuji wong sapraja gung,

geng alit wong Jamintoran.

34. Miwah prameswari aji,
sampun kadi ingkang putra,
enggene ayoga dhewe,
tuwin santana sadaya,
jalu estri sih marma,
yen tinangkil Sanga Prabu,
dhadharan lan para nata.
35. Panuwune kang para ji,
tuwin kang para dipatya,
satriya samya ature,
kang putra Pangeran Kelan,
yen nangkil binektaa,
pinondheya wanuhipun,
sami angalap manpangat.
36. Yen kondur Sri Narapati,
para ratu ingandikan,
sadaya manjing kadhaton,
ingiringaken kang putra,
bojana ing jro pura,
pinurih lega tyasipun,
tetep aneng Jamintoran.
37. Tan ana pegat saari,
denira samya mong suka,
suyud sawong praja kabeh,
wadya sih marang Ki Putra,
laila parimarma,
gung alit sami sihipun,
kuneng gantya kang winarna.
38. Wonten Narendra linuwih,
mapan ta sakawan sanak,
sami gagah prakosane,
sami kadigdayanira,

sami sugihe bala,
nagarane ing Rulmuluk,
Sekawan sedheng taruna

18. PRABU KAHARNGALAM AMBALELA

Sinom:

1. Punika ingkang susuta,
Raja Kadarngalam nguni,
tumut Prabu Jamintoran,
tur kinarya senapati,
mring Sultan Nyakrawati,
Jamintoran ingkang agung,
mangka manggalaning prang,
asugih bala prajurit,
sasedane kang rama Prabu sekawan.
2. Ing Rulmuluk pinara pat,
rukune kakadang sami,
akukutha Banjardawa,
kang tuwa kuthane Wesi,
bisikanira aji,
Kaharngalam ingkang sepuh,
panggulu Kadirngalam,
Tembaga kuthanireki,
kang panengah nama Prabu Sirulngalam.
3. Kuthanipun pan Kuningan
ingkang waruju kakasih,
sira Raja Sipulngalam,
pan Timah kuthanireki,
sami lalare neki,
jero jembar patangpuluh,
dhepa sakawan pisan,
asugih bala prajurit,
mangkya murtat mukir saking Jamintoran.
4. Inggih ingkang dadi purwa,
ratu kang sepuh sedyeki,
sira Raja Kaharngalam,
tinarimanana putri,

Ni Julusulasikin,
mangkana panedyanipun,
nging Prabu Jamintoran,
lumuh tan arsa nuruti,
panuwune sira Raja Kaharngalam.

5. Nulya kadange sadaya,
arembag sami ambalik,
wani mungsuh Jamintoran,
amukir agamaneki,
pan nedya angayoni,
lali yen wong tuwanipun,
trah abdi Jamintoran,
tur kinarya senapati,
sugih bala denira bedhah nagara.
6. Nagari telukanira,
nenggih tigangdasa kalih,
tur sami ratu prakosa,
kinawonaken ing jurit,
mring Kadarngalam nguni,
sira Prabu ing Rulmuluk,
mangkya putra sakawan,
kacongah kudu ngayoni,
marang Prabu Nyakrawati Jamintoran.
7. Nagri beh kalih punika,
wus samya binekta balik,
pinupu bulubektinya,
nangri tigangdasa kalih,
tinampunan pribadi,
marang Prabu ing Rulmuluk,
binagi pinarapat,
sakadange kang mendheti,
nora katurupeti mring Jamintoran.
8. Nunten ing mangkya miyarsa,

yen Prabu Anyakrawati,
Sadarnngalam Jamintoran,
amanggih satriya adi,
trah saking Kuparman,
nalikanira pinangguh,
ing wana Jaminigrab,
ing taman Iskandar nenggih,
langkung sihe Sri Bathara Jamintoran.

9. Lamun arsa tinemenan,
cumbu laler anguluri,
bulubekti winatara,
mrih beka pinaringan putri,
Ni Julusulasikin,
Kadarsalam kandhuhan kung,
mangke wus kawan warsa,
mung sapisan anguluri,
ratu papat sanget ngulah kaprawiran.
10. Wus atas pamiyarsanya,
putra Rab lan Sulasikin,
pan arsa dhinaupena,
ratu sakawan miyarsi,
krodha apacak baris,
wus nemah pambalikipun,
duta ing Jamintoran,
kang amupu bulubekti,
pan tinulak sarta srat tunggul panantang.
11. Mantuk duta Jamintoran,
tan antuk mupu upeti,
kuneng wau kang winarna,
Sang Aprabu Nyakrawati,
Jamintoran tinangkil,
kang para nata supenuh,
satriya pra dipatya,
aglar ing ngarsa narpati,

Jeng Pangeran Kelan lenggah munggendu kanan.

12. Neng wijohan paloretna,
Ki Putra nggenira linggih,
cahya lir wulan purnama,
praptanira pancaniti,
surem kabeh kang nangkil,
kontap ing ujwalanipun,
kasaru praptanira,
kang saking mupu upeti,
nora antuk tinulak binektan serat.
13. Ature punang caraka,
nagri tigangdasa kalih,
upetine kinukuhan,
tan sinung lajeng mariki,
wus samya den pendheti,
mring Sang Prabu ing Rulmuluk,
sampun pratandha murtat,
mukir ing paduka Aji,
suratira tinampan muni panantang.
14. Lamun nora pinaringna,
Retna Julusulasikin,
lan satriya kang aneka,
ingkang langkung den kasihi,
aturna bandan aglis,
marang nagri ing Rulmuluk,
iku ing Jamintoran,
yekti wurung bosah-basih,
lamun nora mangkono sun gawe karang.
15. Mesem Prabu Jamintoran,
wau kalane miyarsi,
Pangeran Bakdingujaman,
salirane dadi getih,
sumaput amarnani,
dukanira Raja Sunu,

tedhak saking wijohan,
ing ngarsane Sri Bupati,
sangat denya supata Pangeran Kelan.

16. Paman Patih seksenana,
para nata pra dipati,
yen ingsun nora bandaa,
mring ratu papat kang mukir,
yen tan narik upeti,
nora bedhah ing Rulmuluk,
pan ingsun demi Allah,
matia madyaning jurit,
aja panggih kalawan Kusumeng Pura.
17. Nuwun pamit arsa mangkat,
nenggih ing dinten puniki,
sami eram kang tumingal,
dukane Sang Raja Siwi,
tedhak Sri Narapati,
angarih-arit angrangkul,
dhuh wode ing tyasingwang,
aja sira magut jurit,
Raja Putra datan kena ingambengan.
18. Ngandika anenggak waspa,
sira Prabu Nyakrawati,
Jamintoran Sadarsalam,
langkung kewrane tan sipi,
Kyana Apatih wotsari,
dhuh pukulun Sang Aprabu,
leng tuwan leganana,
kula pribadi tut wuri,
lawan tuwan mataha kang para nata.
19. Lamun tuwan ngambengana,
wateke anem tan keni,
amrih kareming ayuda,
pinalangana upami,

inggi amanggih sakit,
wantu cuwa manahipun,
tuwan srah ing Hyang Suksma,
anjurunga puji dhikir,
dadya lega sakedhik alon ngandika.

20. Para nata kang prawira,
salawe ingkang tinuding,
kang sami prawireng laga,
balane anigang kethi,
punggawa jro prajurit,
kang tinuduh gangsalatus,
kang babala nyaleksa,
sakala tengara titir,
abusekan balane tanpa wilangan.
21. Budhal saking ing nagara,
Sang Nata kondur prihatin,
neng panepen salat kajat,
tanpa dhahar tanpa guling,
anunuwun ing Widi,
sanget denya amanekung,
mugi Allah paringa,
salameting anak mami,
alananga ing yudane sutaningwang.
22. Miwah garwa Sri Bathara,
sanget denira prihatin,
tanapi putra Sang Retna,
kalangkung susah kang galih,
tan dhahar lawan guling,
sajengkare Sang Binagus,
anunuwun mring Allah,
e Allah kang Maha Sukci,
mugi-mugi Tuwan paringa kamulyan.
23. Mugi lananga kang yuda,
kakangmas Ismayasiwi,

rineksaa de Pangeran,
salameta aneng margi,
warnanen kang lumaris,
swaraning bala gumuruh,
prapta jawining kitha,
Kya Patih tan kena tebih,
kang ngemongi marang Sang Murtining laga.

24. Kang mangka kreta wadana,
risang nayakaning jurit,
wus lepas lampahing bala,
ingkang pambareping baris,
sadasa kang para ji,
pra dipati patangpuluh,
kang karya pasanggrahan,
pasipengan kang rinukmi,
wus andungkap lampahe samadya candra.

25. Talatah paminggir desa,
Rulmuluk wus den anciki,
geger wong desa den bahak,
ngungsi jro nagari sami,
katur ing Sri Bupati,
ratu sakawan akumpul,
mring kuthane kang raka,
samekta kaprabon jurit,
kang misuwur putra Rab pangirid lampah.

26. Kabeh andel Jamintoran,
umiring Sang Narpasiwi,
kang mangka nayakaning prang,
ing jawi kithane prapti,
kendel makuwon sami,
jabaning kitha Rulmuluk,
kadi samodra bena,
pasanggrahan amepeki,
badhe papan aprang ara-ara jembar.

27. Andadak sami rinata,
kang badhe papaning jurit,
Raja Pinutra utusan,
mring jro kutha mawi tulis,
ngantep sedyanireki,
ratu papat ing Rulmuluk,
kang duta prapteng wisma,
weling wuwus den timbali,
pan supenuh balaen ratu titiga.
28. Nunggil balane kang raka,
samyak biasa ngajurit,
ingkang tuwa Kaharngalam,
satur gas dedeg respati,
dene ingkang kakalih,
molungpuluh gas apatut,
ingkang wuragil pisan,
sami lan pambarepneki,
abirawa sami adedeg nyatus gas.
29. Kasurane umbul gajah,
ratu kang sepuh pribadi,
kang panggulu umbul warak,
yen binanting awor siti,
ingkang panengah nenggih,
umbule kayu sapeluk,
panjang salawe dhepa,
muluk aneng ing wiyati,
lamun tiba prapta sumyur tan dhinupak.
30. Dene ingkang anem pisan,
macan satus den betheki,
nulya bethek kinebonan,
macan satus den amuki,
kinrubut den kerahi,
akeh kang pejah tinapuk,
macan satus belasah,

kang salira datan busik,
iku anom nama Raja Sipulngalam.

31. Sadina-dina ajar prang,
ratu sakawan pra sami,
neng panangkilaning raka,
saprajurite pinardi,
wonten atur upeksi,
wadya kang atunggu pintu,
yen wonten duteng mengsah,
praptane ambekta tulis,
Raja Kaharngalam aken nimbalana,
32. Kang cara ingandikan,
kang wonten lawang sademi,
wus kerid marang utusan,
prapta ngarsane Sang Aji,
katur kang punang tulis,
winaos suknismeng kalbu,
pengeta layang ingwang,
satriya trah Kuparmani,
kang minangka manggaleng prang Jamintoran.
33. Kinarya Ibnusuraya,
marang Prabu Nyakrawati,
Sadarngalam Jamintoran,
wruhanira laku mami,
apan narik upeti,
upetine wong Rulmuluk,
lan nagri behro praja,
sebane sira andhegi,
upetine sira iya kang angalap.
34. Heh ta Prabu Kaharngalam,
prapteng ngong prajanireki,
kaya pa ing antepira,
nedya ala nedya becik,

yen sira nedya becik,
eling yen nagri Rulmuluk,
kabawah Jamintoran,
ametokaken upeti,
madanani telungpuluh ro nagara.

35. Bulu bekti saosena,
kagawaa laku mami,
sayektine mari duka,
Sanga Prabu nyakrawati,
Jamintoran sayekti,
ingapura yen siremut,
kawula trah tumerah,
ametokaken upeti,
lamun nora eling Kaharngalam sira.
36. Tan wurung sun pecah ing prang,
nagri ing Rulmuluk iki,
kadangmu ratu sakawan,
iku bakal sun taleni,
karana iya wajib,
numpes wong kaya sireku,
ratu murtat candhala,
kalawan ta ingsun iki,
ingkang kinen amisesa jroning aprang.
37. Urip lawan patinira,
lara lan waras sireki,
samengko neng astaningwang,
endi ingkang sira pilih,
yen sira tulus wani,
metua prang besuk esuk,
aja angadu bala,
den enggal padha ngawaki,
ing ngayuda menang tata kalah tata.
38. Titi pamaosing serat,
sigra tinindhihan wentis,

asru denira ngandika,
heh duta muliha aglis,
pan ingsun metu jurit,
Gustimu ing besuk esuk,
kulite ingsun limas,
daginge sun kon netheli,
tambung laku ngandelaken yen Putra Mbyah.

39. Dumeh lalananging jagat,
mangka Surayaningbumi,
jer durung aprang lan ingwang,
caraka sigra umijil,
mantuk pakuwoneki,
ing marga datan winuwus,
prapta ing pasanggrahan,
lajeng umarek ing Gusti,
kabeh katur sawuwuse Kaharngalam.

40. Suka mesem amiarsa,
Jeng Pangeran Kaelani,
yata ing dalu bojana,
lan sagung ratu prajurit,
kendhang gong asenggani,
myang keplok surak gumuruh,
miwah ratu sakawan,
pra samya bojana latri,
kuneng dalu enjinge yuda kenaka.

19. PRABU KAHARNGALAM KAPIKUT DHATENG PANGERAN KELAN

Pangkur:

1. Gumuruh bareng tengara
mungsuh rowang mijil anata baris,
Sang Prabu ing Rulmuluk,
mijil sakawan pisan,
ambalabar prajurite wus atepung,
barise mungsuh lan rowang,
wawas winawas ing jurit.
2. Jeng Pangeran ing Suwangsa,
lenggah munggeng wijohan palowani,
Kyana Patih Jahansirun,
Sidisalam tan tebah,
miwah sagung prajurit kang para ratu,
salawe aneng ngayunan,
nira sang retnaning jurit.
3. Tedhak Prabu Kaharngalam,
nitih kuda kawot kaprabon jurit,
wadya gung surak gumuruh,
ratune mijil ing prang,
prapteng papan angatepang kudanipun,
susumbar anguwuh lawan,
payo metua ngajurit.
4. Endi rupane Putra Mbyah.
kang pinacang lan Julusulasikin,
iki ratu ing Rulmuluk,
bisikan Kaharngalam,
anak Raja Kadarngalam Ratu Agung,
iki metoni prawira,
sumbaga prakoseng jurit.
5. Raja Putra wus miyarsa,

mundhut kuda Kya Patih awotsari,
angger kendela rumuhun,
kula nuduh kang mapag,
supayane paduka angger andulu,
ing solah pratingkahing prang,
waspada agelarneki.

6. Mesem nurut Narpatmaja,
Kyana Patih nuduh ratu prajurit,
Raja Kanardis ranipun,
nagrine ing Murtalar,
sigra nembah Kanardis ing Raja Sunu,
mangsah anitih turangga,
kawot sakprabon jurit.
7. Prapteng rana sumbar-sumbar,
asru mojar gagap amuwus bengis,
Sang Prabu ing Rulmuluk,
pa gene sira mapag,
heh Kanardis endi trah Kuparman iku,
kang neka mring Jamintoran,
kang padha ginusti-gusti.
8. Nauri Raja Murtalar,
iya ingsun kang tan aweh miyosi
karana pupundheningsun,
eman mijila ing prang,
mungsu sira bae uwis dening ingsun,
bramatya si Kaharngalam,
heh sira arep ngemasi.
9. Tadhahana gadaningwang,
akudhunga ing bandabaya wesi,
Raja Kanardis wus kudhung,
sigra amuter gada,
sarwi alok panggadanira Sang Prabu,
katulak tangkis legawa,
sira Sang Raja Kanardis.

10. Wusnya ginada ping tiga,
males gada sira Raja Kanardis,
aramé pupuh pinupuh,
awas paningalira,
Raja Putra ing prange Nateng Rulmuluk,
mesem denira ngandika
Pangeran ing Suwangseki.
11. Heh paman Rekyana Patya,
lah ta iku pratingkahing ngajurit,
Kaharngalam ing Rulmuluk,
dene kalok ing jagat,
wus tinaha ing prajurit para ratu,
yen mungsuh jamanku wetan,
durung payon ing para ji.
12. Apa paman Patih lumrah,
ing bang kulon tatane prang puniki,
ngikal gada padha wagu,
amasang tangkis kithal,
yen apranga lan paman Prabu Tamtanus,
miwah paman Kewusnendar,
andulu pan nora sudi.
13. Kyana Patya matur nembah,
saturute prapta watesing langit,
aprang gada sami widhung,
matuh ing ngelmi kemat,
paneluhan punika karemanipun,
sanès lan ratu bang wetan,
ing Rum ing Ngarab prayogi.
14. Mesem Jeng Pangeran Kelan,
ing karosan puniku padha luwih,
nging tan ana bisa iku,
metara gigitikan,
ora weruh ing eman karosanipun,
bau awake tan ana,

bisa molah anglawani.

15. Paman Patih yekti eman,
sun lawani ing prang gitik-ginitik,
mesakaken kang andulu,
langite garundelan,
bumi kabeh miwah sakakayonipun,
banjur sun aprang junjungan,
asepa suwe ajurit.
16. Mangkana kang bandayuda,
Kaharngalam lawan Raja Kanardis,
adangu pupuh pinupuh,
tan ana kang kasoran,
seleh gada arame junjung jinunjung,
sor titih Rajeng Murtalar,
jinunjung arsa binanting.
17. Sigra tedhak Raja Putra,
nitih kuda kinetab Jonggiraji,
umesat turangga mamprung
prapteng tengah gya petak,
winatara Ki Putra pepetakipun,
misih neng luhur turangga,
kapileng kang sami jurit.
18. Uwal denira anyandhak,
panjunjunge marang Prabu Kanardis,
kagyat Sang Prabu Rulmuluk,
ucul penyekelira,
aningali kang prapta anom abagus,
angling Raja Kaharngalam,
sira parayangan ngendi.
19. Pan ingsun Raja Putra Rab,
kang paparab Pangeran Kaelani,
ngungun Sang Raja Rulmuluk,
sugal denya angucap,

kalingane maksih anom durung umur,
yen kudu rinebut ing prang,
eman manawa ngemasi.

20. Warnamu pekik kalintang,
anauri Pangeran Kaelani,
sanadyan mangkono ingsun,
wus sanggup mring Sang Nata,
payo Kaharngalam apa na sireku,
wau kang nusul mring papan,
Patih Jamintoran prapti.
21. Neng wurine Raja Putra,
sami dharat lawan Prabu Kanardis,
sugal Sang Prabu Rulmuluk,
kapitemen ta sira,
heh putra Mbyah kudu mungsuh lawan ingsun,
tuhu tan kena den eman,
tadhahana gada mami.
22. Kaharngalam muter gada,
Raja Putra sampun amasang tangkis,
pinupuh Sang Raja Sunu,
tan osik astanira,
surak bala kalih arame gumuruh,
Raden angetab turangga,
mubeng nganan Jonggiraji.
23. Kinitir Sang Kaharngalam,
pinarpekan sinendhal sampun keni,
gya cinandhak pinggangipun,
saking nginggil turangga,
wus tinarik uwal saking kudanipun,
ingikal saking ing tawang,
sigra binanting Sang Aji,
24. Gumuling siti kantaka,
wus tinalen marang Rekyana Patih,

gawok kang samya andulu,
luwesira Jeng Putra,
lan kuwate surake wadya gumuruh,
ingunduraken saksana,
wau marang Kyana Patih.

25. Ingkang rayi ratu kadang,
pijer dongong mulat kadange keni,
gawok mring tandange mungsuh,
denya muter Ki Putra,
turanggane sahasta pangrasanipun,
suku tan napak ing lemah,
eram kapingaming jurit.
26. Ora kiwul ingkang raka,
nulya ewed dening kasaput wengi,
sigra tinetegan mundur,
bubar barising bala,
Jeng Pangeran Kelan sabarise mundur,
praptane ing pasanggrahan,
bujana lawan para ji.
27. Wong Rulmuluk undurira,
kasusahan gung alit pan prihatin,
datan kawarna ing dalu,
enjing nitir tengara,
mungsuh rowang mijilaken barisipun,
kalangan tepung akapang,
atut pra samya wong cilik.
28. Miyosi raja katiga,
kang panggulu Kadarngalam wus nitih,
ing turangga sigra mamprung,
prapteng papan susumbar,
duk tumingal wau ta Sang Raja Sunu,
wus nitih turangganira,
nander ing payudan prapti.

29. Lajeng anyandhak Sang Nata,
Kadarngalam sampun keni tinarik,
ingikal binuwang metu,
tiba ngarsaning bala,
Jamintoran tiba kantep Sanga Prabu,
kantaka wus tinalenan,
marang Rekyana Apatih.
30. Sirulngalam nusul bela,
wus kinitir cinandhak wus katarik,
uwal saking kudanipun,
binuwang tibeng wuntat,
pan kantaka tibane tinalen sampun,
mring Kya Patih Jamintoran,
ratu wuragil wus prapti.
31. Samekta kaprajuritan,
nitih kuda jenggi woten Mahribi,
prapteng rana sigra mupuh,
mring Sang Narpatenaya,
tinadhahan ing tangkis parisnya murub,
mesem Jeng Pangeran Kelan,
dene akuwat wong iki.
32. Heh ratu apa satriya,
miwah lamun punggawa pra dipati,
sumaur pan iya ingsun,
ingong ran Sipulngalam,
nagara ngong pan iya ing Sipulmuluk,
arsa ambelani kadang,
payo ta sisakna mami.
33. Ilokena kadangingwang,
lamun nora mangkono sira edir,
sayekti sira kang ngukum,
anitir-nitir gada,
Raja Putra tan osik panangkisipun,
wus dangu Pangeran Kelan,

wus dangu Pangeran Kelan,
arsa males anggambuhi.

20. PRAJURIT JAMINTORAN PERANG KALIYAN PRAJURIT RULMULUK

Gambuh:

1. Ngandika Sanga Bagus,
 heh Ratu Anom nagri Rulmuluk,
 den prayitna sun gada aja gumingsir,
 muter gada Raja Sunu,
 angetap turangga mengkok.
2. Kudhung parisanipun,
 Sang Sipulngalam sigra pinupuh,
 pan kawuwung umbule turangganeki,
 kabotan panangkisipun,
 gigiring turangga jeplok.
3. Putung turangga rubuh,
 tiba kasingsal Prabu Rulmuluk,
 nulya tangi mrepeki pedhang tinarik,
 ngangkah sukune kudeku,
 Rahaden tumurun alon.
4. Amedhang Sanga Prabu,
 putung katangkis pamedhangipun,
 Jeng Pangeran ing Kelan angandika ris,
 kurang rikat ing pamupuh,
 tan agawe pedhang karo.
5. Payo junjung jinunjung,
 heh Sipulngalam junjungen ingsun,
 latah-latah Sipulngalam lingireki,
 mekasi baya sireku,
 ngajak junjungan lan ingong.
6. Ingsun ambedhol kayu,
 atusan ingkang sapeluk-peluk,
 tau ingsun tulung babad ing wong tani,
 den gawe sawah yen uwus,

tapis sagunging galondhong.

7. Mrepeki Raja Sunu,
sarwi angadeg ngarsaning mungsuh,
nadyan silih mangkono jer ingsun wani,
sapa wruha asor unggul,
nanging ta aglis kalakon.
8. Payo dhingina junjung,
sigra anyandhak wangkinganipun,
Raja Putra ingangkat awanti-wanti,
tan osik nora kajunjung,
suraking bala gumuroh.
9. Kinuwatan kajunjung,
meksa tan obah Sang Raja Sunu,
jempolane Sang Nata tumetes getih,
kacep dalamakanipun,
amadal siti mandhelong.
10. Prandene tan kajunjung,
medal rah khalas ing netranipun,
rasukane jebol napas metu kuping,
sinelehaken Sang Bagus,
Sipulngalam ngadeg dongong.
11. Ngunjal ambekanipun,
tan saranta asru denya muwus,
angur baya gempala pucuking wukir,
alah wesi sira iku,
gedhemu samono abot.
12. Kaduga bedhol gunung,
payo agentu junjungen ingsun,
Raja Putra anyandhak noleh mring Patih,
sigra Patih Jamintoran,
anolih mangsit punangwong.
13. Sampun winangsit wau,

sira Apatih ya Jahansirun,
ing medane prange putra Puserbumi,
wong Jamintoran atutup,
sadaya kupinge karo.

14. Miwah tungganganipun,
ing pusuh malam sampun tinutup,
sigra ngoyog ing lambunge Sri Bupati,
Sipulngalam asru muwus,
pa gene nganggo angoyog,
15. Satus gas dedegipun,
sira watara mung patangpuluh,
kaya ngapa kelara junjunga mami,
nauri Sang Narpasunu,
iya marmane sun oyog.
16. Sun bobot-bobot sireku,
aja kongsi lwih prakosaningsun,
latah-latah angakak angentrog wentis,
sigra Sang Ismayasunu,
apetak sarwi amaos.
17. Ayate Surat Jabur,
ing wiyati munya gumaludhug,
gora-gora geter pater erawati,
kadya wukir sewu guntur,
sampun kajunjung Sang Katong.
18. Ingikal-ikal muluk,
tinggil-tinggil samya dinulu,
ing wadya gung wus dangu nulya binanting,
kumabruk marwata guntur,
gumuling kantakeng ngenggon.
19. Kya Patih Jamintoran
sigra anganciki jajanipun,
wus tinalen Sang Nata marang Ki Patih,

prapta prajurit kang tulung,
marang Ki Patih ambopong.

20. Sampun ginawa mundur,
wau punggawa santananipun,
patang ratu ngamuk samya ambelani,
sumahab ngalun gumulung,
wadya Jamintoran anon.
21. Sareng umangsah ambyuk,
angrok saengga samodra pagut,
pra dipati Jamintoran angampingi,
ing Gusti Sang Jayengsunu,
rame tempuh ing palugon.
22. Swarane tri gumuruh,
pamoring prang ariwat-ariwut,
siwat-siwut lir prahara nempuh angin,
geprak-gepruk prang gumapruk,
jegrag-jegrug grit gumerot.
23. Kumrupyuk angrok caruk,
popor puteran gembrong abarung,
keh kang rebah balasah kang nandhang kanin,
wong Jamintoran Rulmuluk,
anedy a prang mundur rempon.

21. NAGARI RULMULUK BEDHAH

Durma:

1. Sami wuru prajurit ing Jamintoran,
satriya pra dipati,
gumulung angidak,
gumredeg banjir bandhang,
dhasare pra samya becik,
botoh penthingan,
kang mangka senapati.
2. Wuwuh tyase prajurit ing Jamintoran,
gumuntur anggunturi,
rug rebah belasah,
wong Rulmuluk tumpesan,
datan kena den tadhahi,
wong Jamintoran,
lir krura wil sakethi.
3. Giris mulat mawur sakarine pejah,
wong Rulmuluk angisis,
maledug sar-saran,
ngungsi sajroning pura,
Kaharngalam kutha wesi,
lalaren jembar,
patangpuluh dhepeki.
4. Kadya sinaringan bubare kang mengsah,
manjing kitha tinarik,
kareteg ajungkang,
prajurit Jamintoran,
tan ana bisa nututi,
dening balumbang,
kendel sagung prajurit.
5. Kawistara ing Raja Putra bramantya,
kendele kang angusir,

nalika punika,
Ki Apatih tan pisah,
sadangunira ajurit,
Kya Patih Jahan,
buntut kudaning Gusti.

6. Raja Putra ngetab kudane malumpat,
laren wus den liwati,
nanging tan katingal,
Ki Putra dening mengsah,
amatak pratingkahing jin,
gya Patih Jahan,
sampun anarik tali.
7. Sarta gadanipun Sang Ismayatmaja,
gulune den taleni,
inguncalken nulya,
aprapta nggening bala,
kang gada wus den cekeli,
dening prawira,
salawe gya tinarik.
8. Sadangune mangkana Raja Pinutra,
arsa magut tumuli,
manjing lawang kitha,
Kya Patih angrerepa,
mring Gustine anggendholi,
sagung prawira,
tyase mangsa puniki.
9. Suka luluh wonten ing pada paduka,
sumelang tyase sami,
yèn tuwan tilara,
mangkel agring kang manah,
dyan kendel Sang Raja Pekik,
mancingi gada,
maring sagung prajurit.

10. Dadya sampun jangkep nematus prawira,
lawan pitungdaseki,
samyak kinen surak,
sarwi wau pinecat,
nyilumane wus kaeksi,
pra sami surak,
kareteg den prepeki.
11. Walesane kareteg ingkang sisihan,
wong nematus kang narik,
lawan pitungdasa,
kang siji mung Ki Putra,
genjot tarataban wesi,
kuwate Radyan,
Putra ingkang anarik.
12. Lan rantene panggantung pinedhot rantas,
sampun tumibeng siti,
ingawe kang wadya,
prajurit Jamintoran,
anon sasmitaning Gusti,
kumrutug samya,
ngambah wot sampun keni.
13. Sampun ewon aleksan wong Jamintoran,
prapta enggening Gusti,
gumerah suraknya,
oreg sajroning bata,
bata wesi ngati-ati,
prawiranira,
sami mrepeki kori.
14. Madeg krodhanira Jeng Pangeran Kelan,
matak Jabur nulya glis,
tedhak saking kuda,
lawang wesi dinupak,
wus rebah ingkang sasisih,
sakethengira,

nitih turangga malih.

15. Lajeng narik pedhang angetap turangga,
mesat pan kadi angin,
Jonggiraji nengah,
wau sagung prawira,
dadi jerambah wot wesi,
sasisih kambah,
tatangkebe kang kori.
16. Apuyengan wadya gung sajroning pura,
sagung kang pra dipati,
wadya Jamintoran,
nusul Sang Raja Putra,
kadya ambabad bung pacing.
nacad semangka,
tumpesan mungsuh tapis.
17. Prajurit ing Jamintoran kadya mina,
mamangsa jroning warih,
akethen ayutan,
kang kamuk ing Ki Putra,
miwah sagunging prajurit,
wong Jamintoran,
sakethi nganti wani.
18. Pangamuke anglir andaka katawan,
kadya kang bajo kulit,
rahnya sumrawangan,
awates panggelasan,
umung walahualami,
kang luwih wikan,
wiwilanganing ati.
19. Wonten ingkang pra dipati rada tuwa,
mider ngundhang-undhang,
heh wong patang praja,
aja na ngladeni prang,

payo padha nungkul aris,
yekti kiyamat,
yen padha mapag jurit.

20. Manjer tunggul pethak pipining sewakan,
kiwa tengening kori,
samyang tinggal panah,
pedhang kalawan gada,
sagung kapraboning jurit,
samyang tinilar,
ngumpul samyang anisih.
21. Katupiksa marang ing Pangeran Kelan,
heh wa Rekyana Patih,
dulunen kang mengsah,
golong padha papanthan,
tinggal gagamaning jurit,
kang ngarep ika,
Kyana Patih ningali.
22. Gya sinander Patih tan adangu prapta,
ya punggawane iki,
temua lan ingwang,
payo sun gawa seba,
ing Gusti Sang Raja Pekik,
prapta sadaya,
punggawa mring Ki Patih.
23. Samyang nitih kuda ngiring Ki Apalya,
mubeng ngundhang-undhang,
ing kang maksih aprang,
Rulmuluk Jamintoran,
piyak kang sami ajurit,
ing kang kacandhak,
ing parentah wus mati.
24. Ing kang sepi kiwa maksih rame aprang,
tan ana ngucap ajrih,

- punggawa sadaya,
binekta mring Apatya,
prapta ing ngarsa Sang Pekik,
bubar kang aprang,
kang kari mulat sami.
25. Yen wus kathah panjeran bendera pethak,
ngumpul sagunging baris,
wadya Jamintoran,
punggawa para nata,
wus angumpul Sang Apekik,
ngirid mring pura,
ngumpul ing pancaniti.
26. Sinegahan dene punggawa sadaya,
wusnya den parentahi,
ngumpulena arta,
iki kang patang praja,
ping pat upetinireki,
nora sosokan,
ing Prabu Nyakrawati.
27. Sadarsalam Sri Bupati Jamintoran,
mangkya pepekan aglis,
nudu para nata,
wowolu ratu kena,
mring Jamintoran rumiyin,
bektaa gaman,
prajurit kang sayekti.
28. Ngulihaken babandan ratu sakawan,
lan arta bulubekti,
kang patang pasokan,
wowolu para nata,
ratu kang papat ginodhi,
sadaya winrat,
neng palaning esthi.

29. Ingkang kantun aneng Rulmuluk parentah,
Jeng Pangran Kaelani,
marang Ki Apatya
Jahansirun ngutusa,
nagri tigangdasa kalih,
tonjoken surat,
endi kang den ugem.
30. Apa nungkul apa amapaga ing prang,
yen nungkul dipun aglis,
padha ngumpulena,
bulubekti sadaya,
kang patah pasokan nguni,
yen mapag ing prang,
becik ana kutheki.
31. Jerokena lalaren lan kapurancang,
tan wurung sun tekani,
manawa ta sira,
Ratu behro lenggana,
belani lurahmu dhingin,
ratu sakawan,
kang wis padha ginodhi.
32. Pan kasambut ing prang narendra sakawan,
ing Gusti Sang Apekik,
sawusnya sinurat,
sinungken kang dinuta,
prawira kapat bupati,
ambekta bala,
nyaleksa budhal sami.
33. Saking ing Rulmuluk pra sami bubuhan,
ingkang papat bupati,
nenggih wolu sewang,
anglayangi nagara,
ing marga datan kawarni,
samy miyarsa,

ingkang behro nagari.

34. Lamun nagri Rulmuluk pan sampun bedhah,
dening putra linuwih,
saking tanah Arab,
mangkya neng Jamintoran,
langkung prawira ngajurit,
sumbageng jagad,
bagus datanpa tandhing.
35. Dadya geger ratu kang behro nagara,
ngumpulken bulubekti,
badhe nungkul samya,
mring Rulmuluk nagara,
enggene Sang Raja Pekik,
ajrih anglawan,
ing pawarti wus giris.

22. PRABU KAHARNGALAM SASEDHEREK ANGSAL PANGAPURA

Girisa:

1. Rembag sagung para nata,
ingkang behro prajanira,
kasaru sami miyarsa,
nenggih dutaning satriya,
prapta srat sampun tinampan,
lajeng anungkul kewala,
samekta bulubektinya,
kang badhe katur Sang Nata.
3. Asemaya budhalira,
sasi lawan dinanira,
anggawa panungkulira,
peni-peni ing nagara,
kuneng kang sami lalampah,
wuwusen Sang Narpatmaja,
aneng Rulmuluk sineba,
ing satriya pra punggawa.
3. Jahansirun Ki Apatya,
tur uninga mring Ki Putra,
yen caraka antuk karya,
narendra kang behro praja,
satunggal tan wonten bangga,
ing paduka ngestu pada,
atur pati uripira.
4. Ing mangkya sami neng marga,
punggawastha kang dinuta,
wau kalane miyarsa,
Pangeran Jaswadi Putra,
antyan ta trustheng wardaya,
panungkuling para raja,
tan antara praptanira,

behro praja para nata.

5. Kerid Jahansirun Patya,
Sidisalam marang ngarsa,
nira Sang Narpatinaya,
sakala manguswa pada,
mring sang kalengkaning putra,
ngaturken prasetyanira,
yen minta aksama denya,
tan enggal siweng Sang Narpa.
6. Ing Gusti Sang Raja Putra,
neng Rulmuluk kongsi lama,
sadaya wus tinarima,
bektine kang para raja,
undhang budhalan Ki Putra,
saking Rulmuluk nagara,
ngirid ratu behro praja,
seba lan sabalanira.
7. Mring nagari Jamintoran,
swaraning bala wurahan,
kang bekta bulubektinya,
kuneng gantya winursita,
kang rumiyin para nata,
ingkang tinuduh ngaturna,
babandan ratu sakawan,
ing Jamintoran wus prapta.
8. Katur unggule kang putra,
aramé denira yuda,
kenane kapat narendra,
kang katur sami kabanda,
kabeh kena madyeng rana,
sakalangkung ramenira,
ngungun kang sami miyarsa,
tuhu yen satriya tama.

9. Prabu tyas marwata suta,
acipta nugrahanira,
ature kapat narendra,
wus samya nandhang pusara,
kabeh sami ingapura,
tobate kapat narendra,
tan dadya runtik Sang Nata,
emut ing wong tuwanira.
10. Ingkang kinarya manggala,
ing prang gung ambedhah praja,
balane ratu sakawan,
ing Jamintoran andelnya,
mangke sutane abeka,
tan dadya tyasira raja,
tinarka lare kewala,
mothah kudu ngajak beka.
11. Ingapura sadosanya,
linuwaran sadayanya,
ingulihkan karatonnya,
tan owah tatuning lama,
nagara ageng sadaya,
wit saking rurukunira,
sasedanira kang rama,
binagi putra sadaya.
12. Ing Jamintoran Sang Nata,
ngidini sakarsanira,
balik masih den apura,
nora tutug dukanira,
mangkya pinulihkan samya,
amot palamartanira,
apan ratu pinandhita,
ing Jamintoran Sang Nata.
13. Satya boga ambekira,
ing Jamintoran Sang Nata,

tur prawira ing ngayuda,
mangkana wonten tur priksa,
ing nata yen ingkang putra,
prapta ngirid para nata,
nagari Behro Ratunya,
wus sami nungkul sadaya.

14. Apa parentah Sang Nata,
marang sagung pra dipatya,
tuwin satriya punggawa,
marang sajabaning kutha,
wus budhal saking nagara,
gumuruh swaraning bala,
bekta paparing pamapag,
busana agem Sang Nata.
15. Sadinten antaranira,
ing wuri budhal Sang Nata,
anganti jawining kitha,
munggeng matengga dirada,
wau kang sami amapag,
wus panggih lan Raja Putra,
pinaringken kang busana,
kang kasarira Sang Nata.
16. Suka wau Raja Putra,
sareng nampeni busana,
sareng denira lumampah,
nuli ana tur uninga,
marang Rekyana Apatya,
yen Sri Naranata memba,
nganti sajabaning kutha,
amethuk sang wau prapta.
17. Dadya anata turira,
marang ing Sang Narpaputra,
yen kang rama methuk mangkya,

ngentosi jawining kitha,
duk miyarsa Raja Putra,
nulya asalin busana,
kang saking Sri Maharaja,
wusnya rinakit lampahnya.

18. Kuda lan Patih neng ngarsa,
lawan sagung pra punggawa,
wusnya katingal Sang Nata,
lumayu Sang Raja Putra,
tedhake saking turangga,
kalawan Rekyana Patya,
gurawalan kalih samya,
katingalan mring Sang Nata.
19. Tumurun saking matengga,
sigra angrangkul kang putra,
kinempit ingkang mustaka,
ingaras-aras kang jangga,
adhuw wode kang wardaya,
mung sira jimating dirya,
abanget kuwatiringwang,
sukur rineksa dening Hyang.
20. Abanget kuwatiringwang,
tyasingsun amelang-melang,
dulu mungsuhira aprang,
Ratu Agung padha kadang,
tur nedheng prawiraning prang,
nora anyupena ingwang,
lamun mungsuhira gampang,
adhuw putraningsun nyawa.
21. Inkang kaboyong ing sira,
kabeh wus ingsun apura,
sun ulihaken sadaya,
marang karatoning lama,
Sang Raja Putra turira,

inggi sumangga ing karsa,
owel yen boten taksiha,
kenging kinarya manggala.

22. Atelat raka paduka,
satilase mungsuhira,
kinadang-kadang sadaya,
sakalangkung asihira,
kinarya andeling yuda,
wus kadi sayayah rena,
ngantukken kadang sadaya,
samyakinula wisudha.
23. Mesem ngandika Sang Nata,
yeku pantes tinulada,
manut mring kang wus utama,
Jeng Sultan Kuparman uga
- anemu sarwa dumadya,
dinulur sakarsanira,
nugraha geng wong tuwanta,
mugi ta ing sun bisaa.
24. Tulad mring wong tuwanira,
mangkana wau sang Nata,
kendel dangu pamethuknya,
sawusnya adhahar nulya,
budhal kondur Sri Narendra,
tan kena tebih kang putra,
tuwin Rekyana Apatya,
dadya tontonan samarga.
25. Oreg sajroning nagara,
saguning wadya kang ngarsa,
nonton wau praptanira,
satriya kang menang yuda,
kang cinatur ora liya,
amung kang amenang yuda,

telase sekar gurisa,
agantya semaradana.

23. UMARMAYA MADOSI PANGERAN KELAN

Asmaradana:

1. Wus prapta sajroning puri,
Sang Raja Putra binekta,
lajeng tumameng kadhaton,
sagung kang para dipatya,
kang saking panglurugan,
atampi ganjaran sampun,
bubar mantuk sowang-sowang.
2. Ratu tigangdasa kalih,
gumantung neng kapatihan,
uwus pendhak enjinge,
Sang Nata miyos sineba,
aglar sagung kang manca,
satriya mantri supenuh,
punggawa lan ulubalang.
3. Para nata pra dipati,
Patih Jahansirun ngarsa,
Ratu behkalih wurine,
Rahadyan Amir Atmaja,
munggung kanan Sang Nata,
neng wijohan palowanu,
Pangeran Jaswadi Putra.
4. Angandika Sri Bupati,
heh Apatih sun apura,
para ratu behro kuwe,
misih lalakone padha,
prajane aja owah,
papat ratu ing Rulmuluk,
muliha manggalaning prang.
5. Lawan sun paringken nenggih,
mring Gustimu Kaki Putra,

lawan Ratu behro kabeh,
kang papat padha amonga,
iya mring putraningwang,
para Ratu behro iku,
karo ing ratu sakawan.

6. Dene pasebane nenggih,
bedhahen bata kang wetan,
trusena banjur lebune,
panggonane Kaki Putra,
dadya ratu sakawan,
seba mring taman puniku,
panggonane Kaki Putra.
7. Lan wong Jamintoran iki,
pratelunen pra dipatya,
mring ingsun saduman bae,
mring Kaki Putra rong duman,
kabeh padha sebaa,
iya maring putraningsun,
lan sira dhewe Apatya.
8. Dene kang sun kon ngembani,
wus pracaya Kaki Putra,
mring sira keh pangandele,
sira kang wus wruh ing watak,
marang ing putraningwang,
nurut maring sabudimu,
mesem Ki Putra miyarsa.
9. Mupakat wong sanagari,
parentahira Sang Nata,
langkung suyud sadayane,
sadaya wong Jamintoran,
eca tyase Ki Putra,
nora esak nrusing kalbu,
satitah kang Maha Mulya.

10. Kang dadya ayeming **galih**,
supe maring gunging tresna,
ing rama miwah kadange,
tuwin maring wadya bala,
dene neng Jamintoran,
asring amanggih prang agung,
angelar-elar jajahan.
11. Kuneng gantya kang winarni,
sayekti sareng alampah,
sigegen kang winiraos,
Wong agung Surayengiagat,
sapraptanya bebedhag,
kang putra datan kadulu,
sadaya wus sami prapta.
12. Sagung kang para narpati,
ingundhangan sabalanya,
jro wana ingubres kabeh,
jurang pareng pagunungan,
apan ta winangenan,
anenggih sadasa dalu,
kapanggih tan kapanggiha.
13. Praptaa sagung bupati,
satriya lan pra dipatya,
nelasah ing wana kabeh,
budhal angilen sadaya,
ngaler pinggir samodra,
angidul kang pinggir gunung,
sareng sadinten lampahnya.
14. Wadya Rokam sipat mantri,
tan wonten kang aneng wisma,
para ratu punggawane,
sami angubres ing wana,
godhong ingkang malumah,
kinurebaken puniku,

kang mangkureb **linumahna**.

15. Wadya ing Kelan atintrim,
santana bupatinira,
para ratu prihatine,
wong Rokam wayang wuyungan,
prapteng sapuluh dina,
dhatenge kang sami ngruruh,
legeg tan ana manggihna.
16. Ingundhangan bubar sami,
kondur marang kitha Rokam,
karia wong bumi wae,
aninitik calengepan,
ingebyak tan kapanggya,
dadya sungkawa Wong Agung,
kabeh sagung para nata.
17. Gulangge aturireki,
kadya putri parayangan,
amrasanak Kangjeng angger,
ngaturan mring kuthanira,
bilih kinarya tumbal,
milarsa lirik pukulun,
Wong Agung alon ngandika.
18. Yen mangkono karsa mami,
nadyan padha angadoha,
becik anamar lakune,
kakangmas ing Tasikwaja,
ya sira awakana,
siji aja nggawa batur,
ninitik atmajanira.
19. Adipati Guritwesi,
umatur inggih sandika,
luwung makoten kemawon,
nanging ing wingking kewala,

sampun sanget sungkawa,
narima titah Hyang Luhur,
pan inggih lagi kinarsan.

20. Lalampahan agal rempit
duk kinarsakken punika,
yen sangeta prihatine,
atemah mukiring titah,
ri wus telas pitungkas,
sigra sami lengser gupuh,
mangkat saking pasamuhan.
21. Ing dalu anis atitis,
Adipati Tasikwaja,
mangsa naa tontondhene,
sampun utameng anamar,
Wong Agung Tasikwaja,
nampel wentis mamprung-mamprung,
tinggal kanthi tanpa kandha.
22. Sapraptanireng wanadri,
amor lawan buron alas,
Ki Adipati lampahe,
singup-singup pinarpekan,
tarbis-tarbis pinaran,
tan ana baya kaetung,
byar rina lajeng lalampah.
23. Ciptanira Sang Dipati,
sun jujure iki baya,
wana ingkang ngalor ngulon,
rinikat ing lampahira,
siyang dalu lalampah,
lagya antuk tigang dalu,
kalawan ing patang dina.
24. Lampahe notog pasisir,
lambat lambat katingalan,

ana gedhong luhur katon,
kalawan mawi manara,
punika pinarpekan,
ngandhap wonten tamanipun,
toyane wening tur tawa.

25. Kendel sira Ki Dipati,
ngungun denira tumingal,
andhendheng pager batane,
tilas kinarya pondhokan,
dereng lami tabetnya,
kinira kados Wong Agung,
semune ingkang papara.
26. Iya sangkane saking ndi,
lamun saking ing dharatan,
pan nora ana tilase,
nulya ninitik Marmaya,
mring pinggiring samodra,
agabag akeh kadulu,
tilas palabuhan palwa.
27. Ewon labete palweki,
Ki Adipati grait, a,
iki kaya Wong Agunge,
ingkang anggawa Ki Putra,
jetung Ki Umamaya,
wangsul marang manara wus,
mring taman kang siti pethak.
28. Marmaya nginep sawengi,
angayem-ayem salira,
enjinge laju lampahe,
pikir sadalu sasiyang,
mung tinemu budinya,
iya kang papara iku,
baya kang nggawa Ki Putra.

29. Umarmaya miling-miling,
mulat wanguning kang wana,
tuhu yen praja labete,
wonten gumremeng ing ngarsa,
wukir alit katingal,
akakayon ijo semu,
mandhekel ngungkang samodra.
30. Pinaranan tan asari,
wus parek ana guwanya,
sela cendhani lawange,
kagyat sira Ki Dipatya,
ngadeg pinggiring lawang,
duk binuka tutupipun,
pan ing jro isi sarkara.

24. UMARMAYA ANJAJAH KITHA JAMINAMBAR

Sarkara:

1. Wonten wong tapa eca alinggih,
nguluki salam marang Marmaya,
muride Bagendha Saleh,
Ki Umarmaya gupuh,
angabekti ngaras padeki,
wusnya tata alenggah,
Ki Adipati matur,
andika tiyang punapa,
lenguk-lenguk wonten ing ngriki pribadi,
boten tan mawi rowang.
2. Lah punapa ingkang dika suprih,
lawan sinten sinebut ing nama,
heh kulup ingsun sabate,
Nabi Saleh rumuhun,
ingsun iki aran Seh Sabli,
matur malih Marmaya,
pundi asmanipun,
ing tanah ngriki punika,
Ki Seh Sabli wuwuse arum amanis,
kulup ing Jaminingrab.
3. Nagara gung ing kuna puniki,
duk jamane Jeng Sultan Iskandar,
Iskandar Sultan Diskarnen,
sira apa andulu,
prak ing marga puwara sandhing,
beji sitine pethak,
ing kuna puniku,
kramate Sultan Iskandar,
nalikane nagriki pan maksih kapid,
pinrih Islam binedhah.
4. Duk maune arsa anglurugi,

Sultan Agung Iskandar pinenggak,
banget ture papatihe,
jeng tuwan arsa mukul,
Jaminingrab tan wonten warih,
lalampahan wong wulan,
suweng toyanipun,
Sultan Iskandar ngandika,
yen mengkono patih ingsun andhingini,
mring nagri Jaminingrab.

5. Ingsun amung nggawa bala kedhik,
sira ing wuri inkang ngirda,
iya balaningsun kabeh,
Sultan Iskandar laju,
marga alas kang tanpa warih,
nulya Sultan Iskandar,
ing sapraptanipun,
ing jajahan Jaminingrab,
metokaken karamat akarya beji,
ing saben palerenan.
6. Munara gung beji isik warih,
lakon sadina beji titiga,
gedhong munara sandhinge,
beji kang toya agung,
toya tawa kalangkung wening,
sabanjure mangkana,
Umarmaya matur,
inggih kawula angambah,
ing munara bejine toyanya wening,
inggih sipeng kawula.
7. Taman munara beji kang dhangin,
wonten tabet anyar pinondhokan,
pasisir tila palwa keh,
Seh Sabli alon muwus,
taman dhukun sira sipengi,

ing taman ingkang lawas,
iku beji dhukun,
singa lara yen adusa,
yekti waras kulup sabarang sasakit,
barkat Sultan Iskandar.

8. Anyar iki apan ingkang prapti,
putranira Nateng Jamintoran,
nyakrawati ratu gedhe,
duk gerah putranipun,
iku nadar den sasangeni,
siram taman Iskandar,
putri jagat kasub,
tanpa tandhing soring wiyat,
apaparab Retna Julusulasikin,
kethen anggawa bala.
9. Malah ulihe saking ing ngriki,
antuk nugraha putra kasasar,
saking Ngarab pinangkane,
pan wus ginawa mantuk,
maring Jamintoran nagari,
matur Ki Umarmaya,
pinten tebihipun,
ing Jamintoran nagara,
saking ngriki ki tuwa alon nauri,
telung sasi layaran.
10. Dharatane iku rolas sasi,
ngalor ngulon metu Jamintoran,
nora ana dalam maneh,
saking pakewuhipun,
nora ana gelem margani,
nagara Jaminambar,
ratu tedhuh munuk,
angaku Sang Hyang Wisesa,
jujuluke nenggih Rabussamawati,

Wal Arli Sahesalam,

11. Kulon iki tugnya wates langit,
pirang-pirang leksa kang nagara,
kareh Jaminambar kabeh,
kethen panggonan ratu,
pan sumuyud wus den dheweki,
mring Ratu Jaminambar,
kang ngaku Hyang Agung,
pra ratu dadya malekat,
para putri ingkang dadya widadari,
gawe langit kasapta.
12. Langkung jomblong Ki Umarmayeki,
ngrungu tuture si kaki tuwa,
runtik kaya sinendhale,
weruha prajanipun,
kumlungkunge aneng donyeki,
kapis kawak kumawak,
nora ngrasa lampus,
nglalanangi aneng jagat,
graitane ing jro tyas Sang Adipati,
wurung mring Jamintoran.
13. Besuk yen wis weruh awak mami,
ing kuthane si dubilah setan,
mring Jamintoran kakaren,
Ki Umarmaya matur,
Ratu Jamintoran ta Kaki,
kapis punapa Islam,
si Kaki lingnya rum,
Ratu Agung Binathara,
agamane pan wus agama Ibrahim,
Ratu Agung prakosa.
14. Para ratu ingkang kulon iki,
mung tetelu ingkang binathara,
sinembah ing ratu akeh,

ering ratu tetelu,
nora ana endhih ingendhih,
kapara Jaminambar,
kang luwih gungipun,
sabab kilen Jaminambar,
den dheweki kang loro iku tan wani,
ngreh kulon Jaminambar.

15. Jamintoran ingkang nyakrawati,
lan ing Rokam katri Jaminambar,
nora ana reh ingereh,
mung mangkya wartanipun,
wong bang wetan ngambah mariki,
wong wetan tanah Arab,
prajurite agung,
manggala Suryaningrat,
lagi pindho rusake wong kulon iki,
nguni Sultan Iskandar.

16. Angrata ing agama Ibrahim,
sabakdane Jeng Sultan Iskandar,
wong bang kulon murtat kabeh,
bali agama Enuh,
kang rong duman saduman maksih,
Ibrahim agamanya,
Jamintoran iku,
Sri Bathara Sadarsalam,
Ratu Agung Anyakrawati ing bumi,
babala para nata.

17. Mengko kaya wiwit rosa malih,
ing agama Ibrahim wong wetan,
ngolah angrata malihe,
ing Rokam kang pinukul,
Kalakodrat padha kajodhi,
si Gaji Mandalika,
ing Sorangan gempur,

Gulangge nungkul tan kelar,
anadhahi jurite wong wetan iki,
kalana Kakungingrat.

18. Lir samodra wadyaning prajurit,
apan wong Agung Surayengjagat,
Nabi Brahim luluhure,
kumpul sabalanipun,
dhadhapuran tedhak Ibrahim,
mangkana wus pratela,
Ki Umarmayeku,
satuture kaki tuwa,
amit nembah lah kaki padha basuki,
dongkana lakuningwang.
19. Iya putu den angati-ati,
ngulon bener marga keh muwara,
beji maksih saurute,
aja menggok sireku,
iya lamun sedyanireki,
mring kutha Jaminambar,
yen sedyanireku,
marang kutha Jamintoran,
menggok ngalor dharatan wana asungil,
babo ta den prayitna.
20. Sabarang cipta aja amalih,
den sumendhe karsane kang nitah,
den cucup embun-bunane,
ping tiga gya sinebul,
wus mangkata sira basuki,
Marmaya amit nembah,
saking guwa metu,
tan adangu prapteng jaba,
wus angidak marga kang ngilen wanadri,
kang anjog Jaminambar.
21. Saben beji muwara kang maksih,

kinendelan mring Ki Adipatya,
sinipengan ing daleme,
runtik ki raka gugu,
ngudubilah lagi miyarsi,
Ratu ing Jaminambar,
mangkono tingkahmu
angaku Hyang Maha Mulya,
karya langit myang malekat widadari,
lah iya rasakena.

22. Samangsane ingsun kena manjing,
kuthanira heh wong Jaminambar,
sayekti bilai gedhe,
Raden Tasikwajeku,
garundelan samargi-margi,
dhuh pecah kepalanya,
sikenan bebendu,
nora kaprah ngalam donya,
sipepedhep den awas kalebon telik,
dutane Raja Arab.
23. Saya lepas Arya Guritwesi,
tan winarna lampahireng marga,
sinigeg wau praptane,
jawining kitha sampun,
kitha iku sajroning langit,
kabeh wong sajron kutha,
tan ana puniku,
ngratatengi kang tinadhah,
pan rinayat marang Rabussamawati,
tan kena olah-olah.
24. Lamun ana kukus kang kaeksi,
pinariksa mring sira narendra,
ya apa kukurangane,
saking nugrahaningsun,
kang bebethak wadya Sang Aji,

- aneng jabaning kutha,
leksan pawonipun,
akethen sanggon kewala,
kang ajaga jagule apan sakethi,
bupatine sadasa.
25. Pitung leksa sembelehaneki,
sadinane unta blegedaba,
senuk warak miwah bantheng,
kinarya ulamipun,
duk puniku Umarmayeki,
kendel jabaning kitha,
nuju ing wawarung,
abarengan denya lenggah,
lan kapala juru bethak mulih gilir,
aleren lan Marmaya.
26. Sigra Adipati Guritwesi,
medalaken juwadah lan kalwa,
saking ing jro kakasange,
pinangane apan sengkud,
wong kang leren padha kapengin,
Umarmaya tatawa,
milu mangan caket,
kapala kang juru bethah,
satelase Umarmaya ngambil malih,
saking kakasangira.
27. Wong mamarung pan sami kapengin,
tinawanan sami tumut mangan,
kacaryan enak rasane,
tinakonan angaku,
wong padesan kang saking wukir,
saking mentas nglalana,
sangkan alitipun,
ing mangke ayun uninga,
ing kuthane Gusti Rabussamawati,

wong ika anggraita.

28. Tan ataha wutah denira ngling,
Umarmaya alon wuwusira,
wong iki tega ujure,
paran ing tingkahipun,
inggih Gusti Sang Maha Tinggi,
karya langit kasapta,
udan miwah mendhung,
surya lintang lawan wulan,
kilat thathit punapa ingkang kinardi,
wong ika saurira.
29. Sosotya gung gilap suryaneki,
sagung retna-renta sosotyendah,
ing langit isen-isene,
sinung sesentilipun,
samyak obah lamun tinarik,
dadya pating galebyar,
lintang lan andaru,
dene yen akarya udan,
langit wesi punika kadi kang irig,
soring langit tembaga
30. Langit kuningan nginggilireki,
langit selaka ing inggilira,
langit suwasa luhure,
langit kancana murub,
ingkang munggeng nginggil pribadi,
kang dadi toya udan,
sirahing toyeku,
lalampahan pitung dina,
ninggil gunung udalan kang dadi kali,
saking doh tinalangan.
31. Talang wesi cagak sami wesi,
talangipun linapis salaka,
satus kaki pan jembare,

toya kang saking gunung,
tinalangan praptanireki,
toya sajroning kutha,
yen katiganipun,
pinirekken nengen ngiwa,
anjog laren sabane ing kutha sami,
yen rendheng jog jro pura.

32. Saluhure pan ing talang wesi,
talangipun linapis salaka,
toya tinalangan joge,
mring langit wesi iku,
cinarancang kang kadi irig,
gedheg Marmaya ngucap,
luwih budinipun,
lawan sugih rajabrana,
sugih bala dadine panggawe iki,
nutug anasar-nasar.
33. Srengengene sotya pirang kethi,
tinrepaken ing watu mutyara,
ing rina wengi ancere,
sinered ing wadya gung,
ngetan ngulon abola-bali,
wulane ya mangkana,
amung lintangipun,
mathok mung sentil kewala,
kang tinarik mrih obahe ting parelik,
katon pating galebyar.
34. Datan uwus winuwus ing tulis,
pratingkahe Nateng Jaminambar,
salakune salewane,
tuhu akarya jetung,
karya ngungun ingkang miyarsi,
gawok isining jagat,
saweneh gumuyu,

panggawe metu ing akal,
dudu cipta kang metu kalawan sikir,
amung kalawan rosa.

35. Ingkang malaekat Mukarabin,
ratu sakawan gagah prakosa,
Surakal Jabaraile,
kang nurunaken wahyu,
pan Surakal puniku sekti,
sugih sikir lan kemat,
istijrate kabul,
bisa angambah gagana,
sarta sarat nurut kukus menyan ugi,
yen mumbul ing ngawiyat.
36. Kang jumeneng malekat Jabrail,
Ngijraile Sang Raja Duljalal,
agung aluhur dedege,
keras puniku ratu,
aprakosa boboting jurit,
sudibya mandraguna,
dene Raja Mangkruk,
kang dadi Mikailira,
lurah banyu dene kang dadi Israpil,
Ratu Raja Sapardan.
37. Wonten ratu kembar angajrihi,
gung aluhur dedeg anyatus gas,
wulu walingi jajane,
gimbal ing remanipun,
wulu langsep sariraneki,
puniku kang kinarya,
Kirun Wanakirun,
angangge topeng andina,
siniyungan kancana nem depa sisih,
juluking Narendra.
38. Raja Gugruk kang tuwa nameki,

Raja Guntur nenggih kang taruna,
ing gendhara kawijile,
kuthane ratu iku,
malaekat Aruman nenggih,
Raja Kasim kang nama,
warnane abagus,
malekatira kutubah,
Raja Wahas Raja Ishan kang sawiji,
puniku ratu kembar.

39. Ing Nuṣaben kuthanira nenggih,
Raja Surakal Ratu ing Garnat,
puniku naking sanake,
Duljalal Ratu Agung,
ing Barsael kuthanireki,
Sapardan ing Muntara,
nagaranira gung,
Raja Mangruk ing Guwagal,
sami ratu agung-agung kang kinardi,
malekat kang mukarab.
40. Malaekat kang papat papatih,
tegesipun sami kasalira,
dene ratu rerehane,
nenggih angenematus,
para ratu kang manca bumi,
sami ratu pangarsa,
ping pat ngenematus,
wates suruping baskara,
pinggir langit kang kilen tan wonten malih,
gustine para raja.
41. Kabeh ngidhep amangeran sami,
marang Sang Nata ing Jaminambar,
aleksan para ratune,
Ki Umarmaya ngungun,
sawusira angling kang warti,

bubar kang palerenan,
Umarmaya laju,
minger ngaler loring kutha,
kang den angkah ngandhaping talang anenggih,
yun wruh rakiting talang.

42. Lawan margine minggah ing langit,
bale ngaras enggening sesalam,
sarta lan malaekate,
Raden Tasikwajeku,
ciptanira momor yun manjing,
malaekat Mukarab,
langkung panasipun,
tyase Dipati Marmaya,
eling-eling wong Jaminambar den eling,
ana telik prawira.
43. Dadya giro neng marga pribadi,
wau ta Dipati Tasikwaja,
saking kebeke nepsune,
tambah pambuwangipun,
melat-melot samargi-margi,
nanti Marsahesalam,
angaku Hyang Agung,
liwat saking tanpa nalar,
heh dubilah Raja Rabussamawati,
walarli ya pangajang,
44. Ing tegese Rabussamawati,
pangeraning pitung langit ika,
kalawan pitung bumine,
wau ta lampahipun,
Adipati ing Guritwesi,
saketheng kilen cipta,
ngandhap talangipun,
langkung eram denya mulat,
sugih temen rosa temen ratu iki,

emane tanpa akal.

45. Adoh pitutur wong kene iki,
lamun wruha iki mring Pangeran,
mendah ta baya wuwuhe,
ing kaluhuranipun,
yen nembaha marang Hyang Widhi,
sasat Sultan Iskandar,
gung karatinipun,
Marmaya anurut talang,
ing ngandhape nyacahken kang saka wesi.
kang mangka cagak talang.
46. Pan pinanggih wolulikul kethi,
pan sapeluk gengira sadaya,
ani gangatus luhure
sakawan luhuripun,
agung gedheg Umarmayeki,
prapta sirahing toya,
Marmaya mendhuwur,
minggah ing wukir Jambawan,
nggoning umbul salawe kang den talangi,
winacak suji rancang,
47. Balanipun malekat Mingkail,
kang anglang ing toya punika,
Raja Makrub Mingkaile,
Guwagal prajanipun,
Adipati Marmaya ngaksi,
yen ana kang angling,
sinaji dan nggenipun,
ngangge topong saking Ngajrak,
malaekat tan ana ingkang udani,
Ki Umarmaya wikan.
48. Wong kang nganglang toya den pareki,
kabeh malaekat Mingkailan,
ana dinumuk bathuke,

anjumbul nora weruh,
Umarmaya mesem ningali,
iki malekat apa,
teka nora weruh,
maring kang janma manungsa,
padha gelo malaekat kene iki,
padha malekat para.

49. Jaga banyu padha sangu roti,
kalumpuhan rotine agelar,
lan iwak menda sinujen,
lah ingsun lagi ngrungu,
malekat amangan roti,
mangan subekanalalah,
iku adatipun,
malekat ing Jaminambar,
ya carobo ngising padha metu tai,
mambua ing Sri Nata.

25. UMARMAYA SUWITA PRABU RABUSSAMAWATI

Sinom:

1. Adipati Tasikwaja,
anapuk malekat siji,
anggero akalayaban,
pilingane ngemu getih,
bature anulungi,
kena apa iku mau,
tan wruh purwane padha,
tatune darijineki,
ngemu getih baya tinapuk ing setan.
2. Wusnya suwe kalayaban,
kalenger tiba anjengking,
rubung kancane keh prapta,
ana grait sawiji,
kiye baya dhedhemit,
ing kene kang tunggu umbul,
singit umbul Jembawan,
payo nuli den sajeni,
dimen aja galak payo pinarsanak.
3. Asuka Sang Adipatya,
anyandhak watu sawiji,
item abunder samaja,
binalangaken tumuli,
kena ndhase sawiji,
narajang bathuk kumepruk,
pecah wonge aniba,
anjungkel gumuling siti,
sami kekes malaekat padha gundam.
4. Kasaput dalu samana,
pra samya mangisor mulih,
pajagan langit kaping pat,

nggoning malekat Mingkail,
balane tur upeksi,
mring Mingkail Raja Mangkruk,
yen kancane kang tiwas,
kakalih pinangan dhemit,
kalhipun sami meh kalenger tuwa.

5. Parentah teka menenga,
iku uga wong jro puri,
dutane sang hyang wisesa,
kang rumeksa toya iki,
sira kang den aruhi,
aja camburwan sireku,
tukang toya turira,
dede wong ngaruh-aruhi,
watu item samaja oleh ndhas pecah.
6. Wau ingkang kawuwusa,
Adipati Guritwesi,
ing dalu kalumpuk akal,
apa ingkang dadi margi,
kenaa amor manjing,
sigra jempole malendhung,
tandha wus antuk akal,
Umarmaya ciptaneki,
pan akarya pratingkah pangeram-eram.
7. Darapon tinampanana,
pangwalane Ki Dipati,
malbu malekat Mukaram,
Ki Dipati malih warni,
lan anjaluk sireki,
saking jro kakasangipun,
clempung alit punika,
basa lumayu kecapi,
kinalungken ing gulu panabuhira.
8. Apan mung kawat titiga,

manut ing kidungireki,
calempung iku kinarya,
pada lingsa kidungneki,
anjuluk swara malih,
ingkang memper Nabi Dawud,
kumedut kasangira,
pratandha yen anuruti,
lan parau gabus jembare sahasta.

9. Kang ginawe lumah-lumah,
pangurip sasada miring,
sawusnya wau samakta,
Adipati Guritwesi,
sigra denya angeli,
malumah neng palwa gabus,
muni kecapinira,
winor kidunge amanis,
ngendhet-endhet swarane arum alaras.
10. Calempung tumumpang dhadha,
ukara kidung angrawit,
tinepungan lan irama,
kidunge lawan kecapi,
mencit akelip-kelip,
piniyarsa nganyut-anyut,
lir gendhing parayangan,
kadya sendhoning dhedhemit,
kang miyarsa tyase gila amangkarag.
11. Galadhi anglangi bathang,
mangisor mesat manginggil,
sebat-sebut saking ngandhap,
pesate nungsang wus dadi,
nulya lajeng angeli,
marang kitha badhenipun,
palwane gabus kena,
binekta mesat manginggil,
pan karaket kalawan saliranira.

12. Praptane pukul sadasa,
wancinira pan ing wengi,
kang tugur sajawinira,
ing langit kaping pat sami,
yata ngidung parasi,
bareng kecapi angungkung,
kagyat sagung wong jaga,
mangkat sami den tingali,
duk katingal sumebut panginggilira.
13. Eram sagung kang anjaga,
nulya sami linggih malih,
antara ana saejam,
kang mindha malekat prapti,
angidung den padani,
kecapinira angungkung,
wong saos sami gita,
aningali ngadeg sami,
Umarmaya mesat malih nungsung toya.
14. Saejam malih praptanya,
nutut nora mesat malih,
wong kang saos atatanya,
sinten ta tuwan puniki,
Umarmaya nauri,
anyentak sarwi ambekuh,
heh kanca Mingkailan,
padha tiwas sira iki,
nora weruh titahe Pangeranira.
15. Pangeranmu nitah anyar,
iya malekat sinelir,
nora para kaya sira
Senthotmole ing sun iki,
apan kinarya miji,
ing Pangeran Sanga Rabus,
Samawati walarla,
nora pik luruhireki,
wong mangkono linebokken malekat.

16. Ngajaraken nora tata,
karya malekat kur urip,
carobo wong Mingkailan,
mangkana ing nalikenjing,
malekat ing jro sami,
kabayan kang nganglang matur,
malekat Jabrailan,
menangi praptanireki,
matur solah pratingkah malekat anyar.
17. Abungah marwata suta,
Raja Rabussamawati,
gumendhung nyatakken karya,
nitah malekat amiji,
Senthotmole nameki,
ing dalu pukul sapuluh,
tedhak langit kaping pat,
marang talang ingkang warih,
amanggihi kang ngaku malekat anyar.
18. Prapta ing langit kaping pat,
Raja Rabussamawati,
enggene sungapan toya,
ginrebeg ing mukarabin,
munggeng ing kursi manik,
kursi kang pindha jumerut,
jenggote patang hasta,
inganggit lawan sotya di,
pan kalebu inten mirah lan mutyara.
19. Inten nematus kembaran,
jumerut nila widuri,
kalawan ingkang mutyara,
kang barancah sosotya di,
wonten nematus malih,
kembarane kang barancuh,
murub agebyar-gebyar,

20. Dhatenge langit kaping pat,
Raja Rabussamawati,
aglar malekat Mukarab,
mangkana Marmaya prapti,
ngeli ngidung parasi,
calempunge senthuk-senthuk,
winor ing kidungira,
angadeg Sri Narapati,
ngawe-awe gumujeng sarwi angakak.
21. Heh kawulaningsun anyar,
kan sun titahaken luwih,
sun ugung kadadenira,
sun kacek lawan sireki,
lawan kang akeh iki,
sun dadekken ingsun ugung,
saking gaweyaningwang,
Umarmaya mentas saking,
jroning talang lajeng sujud ing bantala.
22. Batine Ki Adipatya,
asujud marang Hyang Widhi,
lamun nora asujuda,
kacethikan solahneki,
den nyarsa bujung belis,
Marmaya momor puniku,
Ki Dipati karsanya,
kenaa den parepeki,
aja luput batine babandhemira.
23. Sujude Ki Umarmaya,
adhapur tigang prakawis,
kang rumiyin sujud mansar,
pan kadi garaji miri,
rongeh amalang kerik,

macicil sarwi malembung,
ping kalih sujud baka,
tan osik kadi ngemasi,
tekan napasira saejam tan ana.

24. Sujud muntalek ping tiga,
ginantung sukunireki,
mung asta siji tumapak,
ngandika kang ngaku Widhi,
payo lerena dhingin,
tampanana rahmatingsun,
matur Ki Umarmaya,
ya ilahi ya iblisi,
ing tegese tuwan pangeran kawula.
25. Dudu Ratu Jaminambar,
Pangeran ingkang sayekti,
ya iblisa mahlubina,
tutuge pangucap batin,
saben matur Sang Aji,
tinawilan banjuripun,
tegese sahesalam,
sira setan luwih mukir,
kang binendon bakale wong kaya sira.
26. Kabatinane mangkana,
laire kalangkung manis,
dhuh Sang Rabussamawati,
pangeraning pitung langit,
arli pitung bumi,
panedya tuwan kang wau,
sun titahaken sira,
sun kacek sira sayekti,
iya lawan kabeh gagaweyaningwang.
27. Milane amba punika,
darbe sujud tigang warni,
nggih saking panitah tuwan,

angguguk Sri Narapati,
gawok Sri Narapati,
sagung malekat Mukarab,
jungkir Ki Umarmaya,
sukune nginggil respati,
dalamakan karo ginawe anembah.

28. Batine ngagaki dhupak,
lair sukane tan sipi,
Sanga Prabu Jaminambar,
gumuyu apijet ati,
gya Umarmaya jengking,
kakayang sarwi malembung,
gumer kabeh kang mulat,
solahe Sang Adipati,
sahesalam tyasira cilik prabata.
29. Dene ta kabisanira,
nora den aku pribadi,
kuwasane kang anitah,
Gusti Rabussamawati,
kinarya angluwihi,
lan sadaya kancanipun,
iku pangucapira,
nuju kathah kang miyarsi,
jeblak-jebluk tyase Prabu Jaminambar.
30. Winedalaken sadaya,
kabisane Ki Adipati,
denira namur ngawula,
Raja Rabussamawati,
ngentek sukanireki,
denira agung ginunggung,
tetep pangwasanira,
tuhu wong bodho ing pikir,
kabisane mung sugih kalawan rosa.
31. Sapa ngasoraken ingwang,

bala ngong kadi jaladri,
baranaku tan petungan,
lawan kuwating ajurit,
mila ngaku Hyang Widhi,
saking gunging balanipun,
lawan sugihe brana,
pangrasane soring langit,
nora nana kang rosa kang sugih brana.

32. Kang sugih bala prawira,
amung Rabussamawati,
lali lamun jagat jembar,
isine akeh winarni,
wau kang namur ngabdi,
ingawe inguwuh-uwuh,
heh titahingsun anyar,
iya kang sun gawe luwih,
ingsun lali sira sun jenengken sapa.
33. Matur nembah Umarmaya,
kala amba tuwan petik,
yen mangke amba matura,
owel kang miyarsa kedhik,
yen kathah kang miyarsi,
tetep ing pangandelipun,
ngimanken lamun tuwan,
tuhu Pangeraning bumi,
dene ingkang pakartine karyasmara.

26. UMARMAYA DADOS PANGAGENGING MALAEKAT

Asmaradana:

1. Raja Rabussamawati,
nimbali para malekat,
kang wonten langit kapindho,
miwah neng langit ping tiga,
tuwin langit ping lima,
kaping nem pra samya ngumpul,
marang ing langit kaping pat.
2. Sami kinen aningali,
solahe malekat anyar,
kang mentas tinitahake,
sadaya pan kagawokan,
gujenge bata rebah,
kabeh pan sami anggunggung,
pangwasane kang anitah.
3. Kang saweneh ana angling,
tuhu luwih Gustiningwang,
iku nitahken mangkono,
tan kena kinaya ngapa,
gagaweyane suksma,
tuhu Sang Hyang Maha Luhur,
kukuthan neng Jaminambar.
4. Ngulatana soring langit,
mangsa ta dadak antuka,
wong mangkono tanagane,
iku ta Sang Hyang Wisesa,
yen gawe kaelokan,
yekti tan kena tiniru,
ing padha-padha manusa.
5. Mangkana Sri Narapati,
Jaminambar angandika,

kang asujud kinen leren,
maring ngarsa mlaku nungsang,
sirahe kang lumampah,
lawan siji astanipun,
sukune apupuletan.

6. Nembah suku wanti-wanti,
gumuruh gujenging kathah,
dupi prapta ing ngarsane,
Rabussamawati mojar,
sun lali namanira,
iya ing pangganjaringsun,
kang mindha-mindha turira.
7. Duk malem salasa wengi,
tuwan wuru-wuru panjang,
brenduwin anunten mire,
angiwa paduka mutah,
riyak paduka kathah,
awor brenduwin pukulun,
anunten panabda tuwan.
8. Heh riyakingsun brenduwin,
sira dadia malekat,
ingsun luwihaken dhewe,
jenggelek kawula dadya,
suka jumbul Sang Nata,
anggero denya gumuyu,
ya mangkono sabdaningwang.
9. Malekat Tarijultakwil,
punika basane Arab,
basa Jawa Senthotmole,
Senthotmodot iya tunggal,
dene Kaluwar Panjang,
iku basane Melayu,
mangkana wong Jaminambar.

10. Ngidung malih **Marmayeki**,
kidunge cara **bengkuwang**,
wong Jaminambar nora wroh,
lamun Jawa mangkana,
eling wong Jaminambar,
kang sira anggep Hyang Agung,
tan pantes agegemblungan.
11. Sun gorohi anuruti,
tak umpak jebul abungah,
dudu riyak riyek ingong,
uwis ta wong Jaminambar,
awasna allahira,
tak gogoroh milu gemblung,
angarah guru aleman.
12. Pangakunira Hyang Widhi,
riyake wuru winginya,
iya nora kedhah-kedheh,
prandene nurut kewala,
amrih ginunggung kathah,
nanging kalangkung sinamur,
pratingkahira Marmaya.
13. Pra malekat den dhawuhi,
ya malekatingsun anyar,
arane si Senthotmodot,
pan iku kakasih ingwang,
kabeh padha ngidhepa,
apa satuture iku,
padha sira lakonana.
14. Sigra kondur Sri Bupati,
marang langit kaping sapta,
langit kancana enggene,
ing ngriku balene ngaras,
enggene Hyang Wisesa,
malekat Modot tan kantun,

nedyana nut satingkahira.

15. Malekat Tarjaltakwil,
langkung saking kinasihan,
ya Ki Senthotmolemole,
praptane langit kancana,
lenggah ing bale ngaras,
kang angaku Raja Rabus,
Samawati angandika,
16. Ingsun larihi brenduwin,
heh malekatingsun anyar,
sigra cinandhak kupine,
lawan gelas kang sinotya,
linarih langkung suka,
heh sira malekatingsun,
sun larihi anginuma.
17. Linarih sampun atampi,
duk semana byar rahina,
sira Ki Malekat Modot,
binekta meng-ameng marang,
kaswarganing Sang Nata,
wus prapta ing sawarga gung,
ing kang ginebyog kancana.
18. Kang kinarya cengkiri gadhing,
balarak lawan tapasnya,
kancana ing kang ginawe,
miwah karambil dawegan,
garing samya kancana,
tanapi galugunipun,
emase kalangkung tuwa.
19. Enggene angapit kori,
dene wit-witan sadaya,
godhong pinupusan cindhe,
agodhong keling sadaya,

kinayuapu abra,
celeng mas kuldi mas agung,
jara mas miwah bantheng mas.

20. Buron alas buron kali,
kang kinarya mas sadaya,
sabilik saenggen-enggen,
myang nggene widadarinya,
sadaya putri tawan,
kang ayu-ayu pinunjul,
Umarmaya tinawanan.
21. Heh malekat ngong lilani,
sun kawenangaken sira,
ngubeka kawidadaren,
sun kawenangken miliha,
widadari kang endah,
sun ganjaraken sireku,
tetepa wismeng suwarga.
22. Malekat Tarijultakwil,
sujud alon aturira,
pukulun pan inggih dede,
adate kang malaekat,
lamun laki rabia,
langite manawi rubuh,
keni rengune tyas tuwan.
23. Yekti dadi wrejit cacing,
yen amba anglampahana,
tiwas pun malekat modot,
yen angajapa cintraka,
guguk alatah-latah,
yen kalawan sukaningsun,
mangsa tinemua papa.
24. Ameksa-meksa tinampik,
milane lumuh kalintang,

manawi awon tamtune,
kawula miyarsa warta,
inggih isining donya,
wonten malih luwih agung,
prajurit papakuningrat.

25. Saking bang wetan puniki,
tanah Arab ing Kuparman,
kadi tuwan prabawane,
manawi panas murina,
tuwan angaku Allah,
wong agunge bilih purun,
memengsahan kalih tuwan.
26. Tekad tuwan kang tinarik,
dhateng agama manusa,
nagari ing Rokam mangke,
lan Kalakodrat Sorangan,
sampun nungkul kaidak,
suka ngakak sarwi guguk,
kaliru pangrungunira.
27. Mangkene lakune yekti,
si Gulangge kirim layang,
duk tanggal ping pat praptane,
kang muni sajroning layang,
ana wong agung prapta,
sugih bala para ratu,
kadi wutahing samodra.
28. Nedya nungkul marang mami,
pan wurung duwe pangeran,
milarsa suwita ingong,
si Gulangge apan lagya,
semaya ngaterena,
wong wetan kang prapta nungkul,
tanah Ngarab ing Kuparman.

29. Anggawa ratu sakethi,
badhe den srahken maringwang,
ratune wong wetan kuwe,
mung nedya kawulakena,
awake pan angrasa,
manawa kawruhaningsun,
tan wande prajane rusak.
30. Kaya sasi ngarep iki,
praptane Wong Agung wetan,
kang den irid si Gulangge,
wus ingsun cawisi prenah,
jabane langit wetan,
ing ngara-ara Jamirun,
jembar kamot sabalanya.
31. Yata wau Ki Dipati,
angguguk ing kabatinan,
iki ta alah maloto,
allah ta wong Jaminambar,
gedhungan laku sopak,
iya rasakna endhasmu,
teka bisa laku dora.
32. Mecahaken ndhasmu iki,
wong Ngarab mangsa teluka,
marang ratu kang mangkono,
bisa gawe-gawe ojat,
lah teka betahena,
mangsa ta wurunga gempur,
durakamu nora kaprah.
33. Sadina denya palesir,
wus dangu kondur Sang Nata,
marang ing bale ngarase,
nimbali para kabayan,
malekat Jabrailan,
Ngijrailan sami rawuh,

Mingkailan Ngisrapilan.

34. Kabayane sami prapti,
wonten satus malaekat,
angalihwelas balane,
Mingkail Ngisrail prapta,
nayuban Sang Mahraja,
kedhik amung rencangipun,
tedhak aneng bale ngaras.
35. Marmaya kinen ngecapi,
sarwi angidung lelewa,
langkung sukane Sang Katong,
malaekat kabayanan,
gujenge bata rebah,
anutug kasukanipun,
malekat Modot lelewa
36. Akeh malekat gulinting,
sayah ing panginumira,
gumuyu malekat Modot,
lah iku padha malekat,
teka kena karipan,
kena mendem kena lesu,
alah iya rasakena.
37. Sangsaya kathah gumlinting,
rebah ing saenggen-nggennya,
Marmaya nglararehi maneh,
winoran paekanira,
Dipati Tasikwaja,
ing darubesi cinampur,
darubesi sawatara.
38. Mung Sang Rabussamawati,
gumujeng maksih alenggah,
den angkoh-angkoh tibane,
meselate Umarmaya,

kinen anglarohana,
pinrih ing katungkulipun,
sinambi sarta lelewa.

39. Linebonan darubesi,
sagenggem ing gelasira,
dhasar wus sayah Sang Katong,
meh rebah dening waragang,
linarih mring Marmaya,
sigra nginum Raja Rabus,
pan lajeng rebah mring wuntat.

27. RABUSSAMAWATI DIPUN CUKUR UMARMAYA

Pangkur:

1. Darubesine angrebda,
Sri Narendra wus kadi angemasi,
Ki Adipati agupuh,
saguning lawang-lawang,
kinuncenan Umarmaya sedyanipun,
tutuga sapolah-polah,
denira gawe bilahi.
2. Malekat satus kabayan,
binuntonan irunge darubesi,
kabeh wus kadi wong lampus,
saenggoning balasah,
langkung suka Ki Adipati andulu,
sigra ngambil pamalingan,
peso landhep kadi angin.
3. Cinukur jejenggotira,
sira Rabussamawati Wal Arli,
sandhangen mengko gundhulmu,
iya wong ngaku Allah,
wus baresih jenggote tinekuk-tekuk,
sampun winadhahan kasang,
patang hasta panjangneki.
4. Nulya cinukur sirahnya,
wus balindhis bathukira tinulis,
asu jodhon lawan munyuk,
wurine ngasu nggennya,
ambebidhung angiwi-iwi mring asu,
nilawerdi kang kinarya,
asu ireng belang kuning.
5. Sirah tinulis sadaya,
cinaloreng nulya malekat sami,

wau kebayan kang satus,
kabeh wus cinukuran,
keh warnane ana lingsang ana luwuk,
tur samya jodhon-jodhonan,
ana lutung lan trenggiling.

6. Ana pineret kewala,
ana ingkang kinuncung kinuciri,
ana papat kuncungipun,
kathah winarna-warna,
nulya kendhi pangunjukanira Prabu,
sigra kang kendhi sinuntak,
sinalinan kang giguhi.
7. Nulya Marmaya nunurat,
iya tunggul panantang ing ngajurit,
sinelehken karang ngulu,
nelas papacuhira,
Adipati Marmaya pan arsa metu,
medal saking bale ngaras,
kesah nurut talang malih.
8. Nungsung lampahira prapta,
sirah toya lajeng tumurun aglis,
margi lama jebulipun,
